



Florid



Byenvini nan kominote a

UnitedHealthcare Community Plan

Manyèl pou Manm Medicaid yo

**United
Healthcare®**
Community Plan

Yo kite paj sa a vid toutespre.

Èd nan domèn Lang

If you do not speak English, call us at MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. We have access to interpreter services and can help answer your questions in your language. We can also help you find a health care provider who can talk with you in your language.

Spanish

Si usted no habla inglés, llámenos al MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. Ofrecemos servicios de interpretación y podemos ayudarle a responder preguntas en su idioma. También podemos ayudarle a encontrar un proveedor de salud que pueda comunicarse con usted en su idioma.

French:

Si vous ne parlez pas anglais, appelez-nous au MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. Nous avons accès à des services d'interprétariat pour vous aider à répondre aux questions dans votre langue. Nous pouvons également vous aider à trouver un prestataire de soins de santé qui peut communiquer avec vous dans votre langue.

Haitian Creole:

Si ou pa pale lang Anglè, rele nou nan MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. Nou ka jwenn sèvis entèprèt pou ou, epitou nou kapab ede reponn kesyon ou yo nan lang ou pale a. Nou kapab ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki kapab kominike avèk ou nan lang ou pale a."

Italian:

Se non parli inglese chiamaci al MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. Disponiamo di servizi di interpretariato e siamo in grado di rispondere alle tue domande nella tua lingua. Possiamo anche aiutarti a trovare un fornitore di servizi sanitari che parli la tua lingua.

Russian:

Если вы не разговариваете по-английски, позвоните нам по номеру MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. У нас есть возможность воспользоваться услугами переводчика, и мы поможем вам получить ответы на вопросы на вашем родном языке. Кроме того, мы можем оказать вам помощь в поиске поставщика медицинских услуг, который может общаться с вами на вашем родном языке.

Vietnamese:

Nếu bạn không nói được tiếng Anh, hãy gọi cho chúng tôi theo số MMA Member Services at **1-888-716-8787**, TTY **711**; and LTC Member Services at **1-800-791-9233**, TTY **711**. Chúng tôi có quyền truy cập vào các dịch vụ thông dịch viên và có thể giúp trả lời các câu hỏi của bạn bằng ngôn ngữ của bạn. Chúng tôi cũng có thể giúp bạn tìm một nhà cung cấp dịch vụ chăm sóc sức khỏe có thể nói chuyện với bạn bằng ngôn ngữ của bạn.

Enfòmasyon enpòtan pou kontak

Liy Èd Sèvis pou Manm yo – Disponib 24 sou 24

Sèvis pou Manm MMA yo **1-888-716-8787**

Sèvis pou Manm LTC yo **1-800-791-9233**

TTY Liy Èd Sèvis pou Manm yo – Disponib 24 sou 24 **TTY 711**

Sit entènèt **myuhc.com/CommunityPlan**

Adrès **7901 SW 6th Street, Suite 400
Plantation, FL 33324**

Sèvis Transpò: sitiyasyon ki pa ijans

MTM Health MMA oswa LTC **1-888-777-6528**

Gade nan paj 114 pou jwenn enfòmasyon sou aplikasyon an.

Vizyon **1-888-716-8787**

Swen Dantè

Kontakte jesyonè dosye w la dirèkteman oswa nan **1-888-716-8787**
pou yo ka ede w fè aranjman pou sèvis sa yo.

Tanpri sonje plan sa a pa bay avantaj woutin dantè yo.

Pou rapòte ka abi sispèk, neglijan, abandon, oswa eksplwatasyon

timoun oswa granmoun vilnerab yo **1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873**

TTY 711 oswa 1-800-955-8771

<https://www.myflfamilies.com/services/abuse/abuse-hotline/how-report-abuse>

Pou kalifikasyon Medicaid **1-866-762-2237**

TTY 711 oswa 1-800-955-8771

<https://www.myflfamilies.com/medicaid#ME>

Pou rapòte fwòd ak/oswa abi Medicaid **1-888-419-3456**

<https://apps.ahca.myflorida.com/mpi-complaintform/>

4 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**,
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Pou depoze yon plent pou yon etablisman swen sante 1-888-419-3456
http://ahca.myflorida.com/MCHQ/Field_Ops/CAU.shtml

Pou mande yon Odyans san Patipri Medicaid 1-877-254-1055
1-239-338-2642 (faks)
MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com

Pou depoze yon plent konsènan sèvis Medicaid yo 1-877-254-1055
TDD 1-866-467-4970
<http://ahca.myflorida.com/Medicaid/complaints/>

Pou jwenn enfòmasyon pou granmoun aje yo 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
<https://elderaffairs.org/programs-services/>

Pou jwenn enfòmasyon sou vyolans domestik 1-800-799-SAFE, 1-800-799-7233
TTY 1-800-787-3224
<http://www.thehotline.org/>

Pou jwenn enfòmasyon sou etablisman sante
nan Florid <https://quality.healthfinder.fl.gov/>

Pou jwenn enfòmasyon sou swen ijans
MMA 1-888-716-8787, TTY 711
LTC 1-800-791-9233, TTY 711

Pou yon ijans 9-1-1
Oswa ale nan sal ijans ki pi pre a

Tabdèmatyè

Byenvini nan Plan Swen Jere Medicaid UnitedHealthcare nan Tout Eta a	9
Seksyon 1: Kat idantite plan w lan (kat ID)	10
Seksyon 2: Vi prive w	12
Avi Plan Sante a sou Pratik Konfidansyalite	12
Seksyon 3: Jwenn èd nan men Sèvis pou Manm nou yo	19
Seksyon 4: Ou bezwen èd pou kominike?	20
Si w pa pale anglè	20
Pou moun ki gen andikap	20
Seksyon 5: Lè enfòmasyon ou yo chanje.	21
Seksyon 6: Chanjman nan plan sante w la	22
Seksyon 7: Kalifikasyon w pou Medicaid.	23
Seksyon 8: Enskripsyon nan plan nou an	25
Peryòd enskripsyon lib	25
Enskripsyon nan pwogram Swen sou Peryòd ki Long SMMC a	26
Seksyon 9: Kite plan nou an (anilasyon enskripsyon)	29
Seksyon 10: Jesyon swen ou	31
Chanje jesyonè dosye yo	31
Bagay enpòtan pou w di jesyonè dosye ou an	32

Seksyon 11: Aksè ak sèvis	34
Founisè ki nan plan nou an	34
Founisè ki pa nan plan nou an	35
Sèvis pou timoun yo ⁴	36
Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo	38
Chwazi yon Founisè Swen Prensipal (PCP)	38
Swen espesyalis ak referans	39
Dezyèm opinyon yo	39
Swen ijan	40
UHC Doctor Chat®	40
Swen lopital	40
Swen pou ijans	41
Egzekite preskripsyon yo	41
Sèvis sante konpòtmantal	43
Pwogram rekonpans pou manm yo	44
Pwogram jesyon maladi kwonik yo	45
Pwoblèm nan fen lavi, sa gen ladan l enfòmasyon sou Direktiv Alavans	45
Pwogram pou amelyorasyon kalite	48
Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere	49
Avantaj plan ou yo: Chemen pou pwosperite	69
Seksyon 14: Enfòmasyon itil pwogram Swen sou Peryòd ki Long (LTC)	70
Seksyon 15: Avantaj plan ou yo – Sèvis LTC yo	73
Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji	79

Seksyon 17: Satisfaksyon manm yo	<u>101</u>
Plent, doleyans, ak kontestasyon kont plan yo	<u>101</u>
Seksyon 18: Dwa ou yo antanke manm	<u>106</u>
Seksyon 19: Responsablite ou yo antanke manm	<u>108</u>
Seksyon 20: Lòt enfòmasyon enpòtan	<u>109</u>
Seksyon 21: Lòt resous anplis	<u>112</u>
Pwograme kous medikal ki pa ijans avèk aplikasyon MTM Link lan	<u>114</u>
Seksyon 22: Fòmilè yo	<u>115</u>
Testaman Byolojik	<u>115</u>
Fòmilè Reprezantan Otorize	<u>117</u>

Byenvini nan Plan Swen Jere Medicaid UnitedHealthcare nan Tout Eta a

UnitedHealthcare gen yon kontra avèk Ajans Florid pou Administrasyon Swen Sante (Ajans) pou bay moun ki gen Medicaid yo sèvis swen sante. Se sa yo rele **Pwogram Swen Kontwòl Medicaid Nan tout Eta a (Statewide Medicaid Managed Care, SMMC)**. Ou enskri nan plan SMMC nou an. Sa vle di nou pral ofri w sèvis Medicaid yo. Nou travay avèk yon gwoup founisè swen sante pou ede reponn ak bezwen ou yo.

Gen anpil kalite sèvis Medicaid ou ka resevwa nan pwogram SMMC a. Ou ka resevwa sèvis medikal, tankou vizit kay doktè, laboratwa, ak swen ijans, nan yon plan **Asistans Medikal ki Jere (Managed Medical Assistance, MMA)**. Si ou se yon granmoun aje oswa yon granmoun ki gen andikap, ou ka resevwa sèvis etablisman swen enfimye ak sèvis adomisil ak sèvis kominotè nan yon plan **Swen sou Peryòd ki Long (Long-Term Care, LTC)** Si w gen yon sèten pwoblèm sante, tankou SIDA, ou ka resevwa swen ki fèt pou reponn ak bezwen w yo nan yon plan **Espesyalite**.

Si timoun ou an enskri nan pwogram Florida KidCare **MediKids** la, pifò enfòmasyon ki nan manyèl sa a aplike pou ou. N ap enfòm ou si yon bagay pa aplike.

Si w se yon patisipan nan pwogram pilòt pou moun ki gen andikap nan devlopman entèlektyèl (Intellectual Developmentally Disabled, IDD), pifò enfòmasyon ki nan manyèl sa a aplike pou ou. N ap fè w konnen si yon bagay pa aplike oswa si gen enfòmasyon ki aplike pou manm enskri IDD yo.

Manyèl sa a pral gid ou pou tout sèvis swen sante ki disponib pou ou. Ou ka poze nou nenpòt kesyon, oswa jwenn èd pou pran randevou. Si w bezwen pale avèk nou, annik rele nou nan Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711**; ak Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711**.


Seksyon 1: Kat idantite plan w lan (kat ID)

Ou ta dwe resevwa kat ID ou nan lapòs. Rele nou si ou pa te resevwa kat ou a oswa si enfòmasyon ki sou kat ou an pa bon. Chak manm fanmi w ki nan plan nou an ta dwe gen pwòp kat ID yo.

Toujou pote kat ID w epi montre li chak fwa w ale nan yon randevou pou swen sante oswa nan lopital. Pa janm bay okenn lòt moun kat ID w pou yo itilize. Si kat ou an pèdi oswa yo vòlè l, rele nou pou nou ka ba ou yon nouvo kat.

Kat ID ou an pral sanble ak sila:

MMA (Asistans Medikal Jere) – Kat ID w la ap sanble ak sa a:


	Health Plan (80840) 911-87726-04
Member ID: 9999999921	Group Number: FLMMMA
Member: NEW A ENGLISH	Payer ID: 87726
PCP Name: DOUGLAS GETWELL PCP Phone: (717)851-2521	Optum Rx* Rx Bin: 610494 Rx Grp: ACUFL Rx PCN: 4300
Effective Date 06/01/2017	
Copay: OFFICE/SPEC/ER/UrgCare \$0/\$0/\$0/\$0	
PCP referral required for specific specialty services DOI -0501	MMA Underwritten by UnitedHealthcare of Florida, Inc.

In an emergency go to nearest emergency room or call 911.		Printed: 09/26/25
This card does not guarantee coverage. For coordination of care call your PCP. To verify benefits or to find a provider, visit the website www.uhcommunityplan.com or call.		
For Members:	888-716-8787	TTY 711
AHCA:		888-419-3456
Behavioral Health:		888-716-8787
NurseLine:		877-552-8105
For Providers:	UHCprovider.com	877-842-3210
Medical Claims:	PO Box 31365, Salt Lake City, UT 84131-0365	
Health Plan:	7901 SW 6th Street, Suite 400 Plantation, FL 33324	
Pharmacy Claims:	OptumRX, PO Box 650334, Dallas, TX 75265-0334	
For Pharmacists:	844-567-6857	Rx Prior Auth: 800-310-6826

10 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.


Seksyon 1: Kat idantite plan w lan (kat ID)

Plan LTC (Swen sou yon Peryòd ki Long) – Kat ID w la pral sanble ak sa a:


 Health Plan (80840) 911-87726-04
 Member ID: 999999910711 Group Number: FLLTC
 Member: NEW ENGLISH Payer ID: 87726
 Effective Date: 06/01/2017
 DOI -0501 Health and Home Connection Underwritten by UnitedHealthcare of Florida, Inc.

In an emergency go to nearest emergency room or call 911. Printed: 09/26/25
 This card does not guarantee coverage. For coordination of care, call your case manager. To verify benefits or to find a provider, visit the website www.uhccommunityplan.com or call.
 For Members: 800-791-9233 TTY 711
 AHCA: 888-419-3456
 Behavioral Health: 800-791-9233
 NurseLine: 877-552-8105
 For Providers: UHCprovider.com 877-842-3210
 Medical Claims: PO Box 31365, Salt Lake City, UT 84131-0365
 Health Plan: 7901 SW 6th Street, Suite 400 Plantation, FL 33324

MMA + LTC Konplè (Asistans Medikal Jere + Swen sou yon Peryòd ki Long) Kat ID w la ap sanble ak sa a:


 Health Plan (80840) 911-87726-04
 Member ID: 9999999913 Group Number: FLMMA
 Member: NEW R ENGLISH Payer ID: 87726
 PCP Name: DOUGLAS GETWELL
 PCP Phone: (610)863-5378
 Effective Date: 06/01/2017
 Copay: OFFICE/SPEC/ER/UrgCare \$0/\$0/\$0/\$0
 PCP referral required for specific specialty services
 DOI -0501 Comprehensive MMA & LTC Underwritten by UnitedHealthcare of Florida, Inc.

Optum Rx[®]
 Rx Bin: 610494
 Rx Grp: ACUFL
 Rx PCN: 4300

In an emergency go to nearest emergency room or call 911. Printed: 09/26/25
 This card does not guarantee coverage. For coordination of care call your PCP. To verify benefits or to find a provider, visit the website www.uhccommunityplan.com or call.
 For Members: 888-716-8787 TTY 711
 AHCA: 888-419-3456
 Behavioral Health: 888-716-8787
 NurseLine: 877-552-8105
 For Providers: UHCprovider.com 877-842-3210
 Medical Claims: PO Box 31365, Salt Lake City, UT 84131-0365
 Health Plan: 7901 SW 6th Street, Suite 400 Plantation, FL 33324
 Pharmacy Claims: OptumRX, PO Box 650334, Dallas, TX 75265-0334
 For Pharmacists: 844-567-6857 Rx Prior Auth: 800-310-6826

Si w gen toude, egzamine chak avantaj pou w kapab pwofite kouvèti MMA ak LTC.

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan 1-888-716-8787, TTY 711, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan 1-800-791-9233, TTY 711.

Seksyon 2:

Vi prive w

Nou bay vi prive w enpòtans. Ou gen dwa nan zafè pwoteksyon enfòmasyon sou sante w, tankou non w, nimewo idantifikasyon Plan, ras, gwoup etnik ou, ak lòt bagay ki ka idantifye w. Nou p ap pataje okenn enfòmasyon sou sante w lalwa pa otorize.

Si ou gen nenpòt kesyon, rele Sèvis pou Manm yo. Politik ak pwoteksyon konfidansyalite nou yo se:

Avi Plan Sante a sou Pratik Konfidansyalite

AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI AVIA AK ANPIL ATANSYON.

Anvigè apati 1ye janvyè 2025

Dapre lalwa, nou¹ dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante (“HI”) ou yo. Nou fèt pou voye avi sa a ba ou. Li fè ou konnen:

- Kijan nou gendwa itilize HI ou an.
- Kilè nou kapab pataje HI ou ak lòt moun.
- Ki dwa ou genyen pou HI ou.

Dapre lalwa, nou dwe respekte kondisyon ki nan avi aktyèl nou an..

HI se enfòmasyon sou sante w oswa sèvis medikal ou. Nou gen dwa fè chanjman nan avi sou pratik konfidansyalite sa a. Si nou fè chanjman enpòtan, n ap fè w konnen nan lapòs oswa imèl. Nou pral afiche nouvo avi a tou sou sit entènèt nou an. Nenpòt chanjman ki fèt nan avi a pral aplike pou HI nou genyen yo. N ap fè w konnen si gen yon vyolasyon HI ou an. Nou ranmase epi kenbe HI ou an pou nou ka jere biznis nou. HI gendwa oral, swa alekri oswa elektwonik. Nou limite anplwaye ak founisè sèvis ki gen aksè ak HI ou an. Nou gen pwoteksyon anplas pou pwoteje HI ou an.

12 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Fason nou ranmase, itilize epi pataje enfòmasyon ou yo

Nou kolekte, itilize ak pataje HI ou yo avèk:

- Ou menm oswa reprezantan legal ou a.
- Sèten ajans gouvènman. Pou verifye pou asire nou respekte lwa sou konfidansyalite ki annapre yo.

Nou gen dwa pou ranmase, itilize ak pataje HI ou yo pou sèten rezon. Sa ka fèt pou tretman ou, pou peye pou swen ou, oswa pou jere biznis nou. Nou gendwa itilize oswa pataje HI ou an nan fason sa a.

- **Pou Peman.** Pou trete peman yo epi peye reklamasyon yo. Pou egzanp, nou ka di yon doktè si nou pral peye pou sèten pwosedi medikal ak ki pousantaj nan bòdwo a ki ka kouvri.
- **Pou tretman oswa pou Jere Swen.** Pou ede pou swen ou yo. Pa egzanp, nou ka pataje HI ou ak yon lopital ou ladan l an, pou ede yo ba ou swen medikal.
- **Pou Operasyon Swen Sante.** Pou jere biznis ou an. Pa egzanp, nou ka pale ak doktè w pou w fè l konnen yon pwogram espesyal jesyon maladi oswa byennèt ki disponib pou ou. Nou gendwa etidye done pou amelyore sèvis nou yo.
- **Pou fè ou konnen Pwogram oswa Pwodui Sante.** Nou gendwa fè ou konnen lòt tretman, pwodui, ak sèvis. Aktivite sa yo gendwa limite dapre lalwa.
- **Pou Konpayi ki Finanse Plan an.** Si w resevwa asirans sante nan travay ou, nou ka bay travay ou enskripsyon, anilasyon enskripsyon, epi rezime HI ou. Nou ka bay yo lòt HI si yo limite itilizasyon yo kòrèkteman.
- **Pou Objektif Souskripsyon.** Pou pran desizyon sou souskripsyon asirans sante. Nou pa pral itilize jenetik ou yo pou rezon souskripsyon.
- **Pou Rapèl sou Avantaj yo oswa sou Swen.** Nou ka voye rapèl sou randevou ou genyen ak enfòmasyon sou avantaj sante w.
- **Pou Kominikasyon avèk Ou.** Nou ka kontakte w konsènan avantaj asirans sante w yo, swen sante w oswa peman w yo.

Seksyon 2: Vi prive w

Nou gendwa ranmase, itilize epi pataje HI ou yo nan fason ki annapre yo:

- **Jan lalwa mande sa a.** Pou swiv lwa ki aplike pou nou.
- **Bay Moun ki Patisipe Nan Swen Ou yo.** Yon manm fanmi oswa yon lòt moun ki ede avèk swen medikal ou yo oswa ki peye pou swen ou yo. Epitou, se kapab yon manm fanmi nan yon ijans. Sa ka rive si ou pa kapab di nou si nou kapab pataje HI ou oswa ou pa. Si w pa kapab di nou sa ou vle, nou pral itilize pi bon jijman nou. Si ou otorize sa, lè ou mouri, nou ka pataje HI ak manm fanmi oswa zanmi ki te ede pou swen ou yo oswa ki te peye pou swen ou yo.
- **Pou Aktivite Sante Piblik.** Pa egzanp, pou anpeche maladi gaye oswa pou rapòte pwoblèm avèk pwodui oswa medikaman.
- **Pou Rapòte Abi, Neglijans, oswa Vyolans Domestik.** Nou kapab sèlman pataje sèten enfòmasyon yo ak enstitisyon lalwa otorize pou jwenn HI sa a. Sa gendwa yon ajans sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis kouvèti.
- **Pou Aktivite Sipèvizyon Sante** bay yon ajans lalwa otorize pou jwenn HI lan. Sa a ka pou lisans, odit, ak fwod ak investigasyon abi.
- **Pou Pwosedè Jidisyè oswa Pwosedè Administratif,** Pa egzanp, pou reponn yon òdonans tribinal oswa yon manda pou konparèt.
- **Pou Lapolis.** Pou jwenn yon moun yo pa wè oswa pou rapòte yon krim.
- **Pou Menas sou Sante oswa sou Sekirite.** Pou ajans sante piblik oswa fòs lòd, pa egzanp, nan yon ijans oswa yon katastwòf.
- **Pou Fonksyon nan Gouvènman.** Pou itilizasyon militè ak veteran, sekirite nasyonal, oswa sèten sèvis pwoteksyon.
- **Pou Konpansasyon Travayè.** Si w te pran chòk nan travay oswa pou respekte lwa sou travay yo.
- **Pou Rechèch.** Pa egzanp, pou etidye yon maladi oswa pwoblèm medikal. Nou ka itilize HI tou pou ede prepare yon etid rechèch.
- **Pou Bay Enfòmasyon sou Moun ki Mouri.** Pa egzanp, bay yon kowonè oswa yon egzaminatè medikal ki ka ede idantifye moun ki mouri a, kisa ki lakòz li mouri, oswa pou respekte sèten lwa. Nou ka kominike HI tou bay responsab ponp finèb tou.
- **Pou Transplantasyon Ògàn.** Pa egzanp, pou ede jwenn, estoke oswa fè transplantasyon ògàn, zye oswa tisi.
- **Bay Enstitisyon Penitansye oswa bay Lapolis.** Pou moun ki nan prizon, pa egzanp: (1) Pou bay swen medikal; (2) Pou pwoteje sante w ak sante lòt moun; (3) Pou sekirite enstitisyon an.
- **Pou Patnè Komèsyal Nou yo.** Pou ba ou sèvis, si sa nesesè. Sa yo se konpayi ki bay sèvis pou nou. Yo dakò pou pwoteje HI ou.

- **Lòt Restriksyon.** Lwa federal ak Lwa Eta gendwa mete plis limit nan itilizasyon HI ki endike anba a. Nou pral swiv lwa ki pi sevè ki aplike yo.
 1. Twoub Konsomasyon Alkòl ak Sibstans
 2. Enfòmasyon Byometrik
 3. Abi oswa neglijan sou timoun oswa adilt, ansanm ak Agresyon Seksyèl
 4. Maladi Transmisib
 5. Enfòmasyon Jenetik
 6. VIH/SIDA
 7. Sante Mantal
 8. Enfòmasyon Minè yo
 9. Preskripsyon yo
 10. Sante Repwodiksyon ak Sante Seksyèl
 11. Maladi moun pran nan fè sèks

N ap itilize oswa pataje HI ou sèlman jan sa dekri nan avi sa a oswa avèk konsantman ou alekri. N ap jwenn konsantman ou alekri pou pataje nòt sikoterapi sou ou, eksepte nan sèten ka lalwa pèmèt. N ap pran konsantman w alekri pou vann HI ou an bay lòt moun. N ap pran konsantman w alekri pou itilize HI ou nan sèten korespondans pou maketing. Si ou ban nou konsantman ou, ou ka rebran li. Pou konnen kijan, rele nimewo telefòn ki sou kat ID asirans sante w.

Dwa Ou yo

Ou gen dwa ki annapre yo pou enfòmasyon medikal ou yo.

- **Pou mande nou mete limit** nan itilizasyon oswa kominikasyon nou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou ka mande pou limite pataj ak manm fanmi oswa lòt moun ki ede pou swen ou yo oswa ki peye pou swen ou. Nou kapab pèmèt depandan ou yo mande pou gen limit. **N ap eseye satisfè demann ou an, men nou pa gen obligasyon pou fè sa.** Ou dwe fè demann ou pou limite itilizasyon oswa pataj nou an alekri.
- **Pou mande jwenn kominikasyon konfidansyèl** nan yon fason diferan oswa nan yon lòt kote. Pa egzanp, nan yon Bwat Postal olye lakay ou. N ap aksepte demann ou an jan lalwa nan nivo Eta ak federal pèmèt sa. Nou pran demann vèbal men nou ka mande w konfime demann ou an alekri. Ou kapab chanje demann ou. Ou dwe mande chanjman an alekri. Voye li nan lapòs nan adrès ki anba a.
- **Pou gade oswa pou jwenn yon kopi sèten HI.** Ou dwe fè demann lan alekri. Voye li nan lapòs nan adrès ki anba a. Si nou kenbe dosye sa yo nan fòm elektwonik, ou ka mande yon kopi elektwonik. Nou gendwa voye yon rezime ba ou. Nou gendwa fè ou peye kopi yo. Nou gendwa refize demann ou an. Si nou refize demann ou an, ou gendwa mande pou nou revize refi a.

Seksyon 2: Vi prive w

- **Pou mande pou fè chanjman.** Si ou panse HI ou pa kòrèk oswa pa konplè, ou kapab mande pou nou chanje li. Ou dwe fè demann lan alekri. Ou dwe bay rezon pou chanjman an. N ap reponn demann ou an nan delè nou dwe fè sa dapre lalwa. Voye sa a nan lapòs nan adrès ki anba a. Si nou refize demann ou an, ou gendwa ajoute dezakò ou nan HI ou an.
- **Pou jwenn yon kontrandi** sou lè nou te pataje HI ou nan sis ane anvan demann ou an. Sa pa pral gen ladan lè nou te kominike HI pou rezon annapre la yo: (i) Pou tretman, peman ak operasyon swen sante; (ii) Avèk oswa ak konsantman w; (iii) Avèk enstitisyon koreksyonèl oswa fòsdelòd yo. Sa pa p site divilgasyon lalwa federal pa egzije nou siveye.
- **Pou jwenn yon kopi avi sa a sou papye.** Ou gendwa mande yon kopi sou papye nenpòt lè. Ou kapab jwenn yon kopi sou sit entènèt nou an tou.
- **Nan sèten eta, ou ka gen dwa pou mande pou nou efase HI ou yo.** Selon kote w ap viv la, ou ka mande nou pou n efase HI ou yo. N ap reponn demann ou an nan delè nou dwe fè sa dapre lalwa. Si nou pa kapab, n ap enfòmè ou. Si nou pa kapab, ou ka ekri nou, note poukisa ou pa dakò a epi voye ban nou enfòmasyon ki kòrèk la.

Fason pou Itilize Dwa Ou yo

- **Pou Kontakte Plan Sante W la.** Si w gen kesyon sou avi sa a, oswa ou vle itilize dwa w, **rele nimewo telefòn ki sou kat idantifikasyon w lan.** Oswa ou gendwa kontakte Sant Apèl UnitedHealth Group la nan 1-866-633-2446, oswa TTY/RTT 711.
- **Pou Soumèt yon Demand Alekri.** Voye li nan lapòs nan:
 - UnitedHealthcare Privacy Office
 - MN017-E300, P.O. Box 1459, Minneapolis MN 55440
- **Pou Depoze yon Plent.** Si ou panse yo te vyole dwa sou konfidansyalite w, ou ka voye yon plent nan adrès ki anwo a.

Ou kapab notifie tou Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an. Nou p ap pran okenn mezi kont ou poutèt ou pote yon doleyans.

¹ Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal sa a aplike nan plan sante ki afilye avèk UnitedHealth Group. Pou jwenn yon lis ajou plan sante avi sa a konsène, ale sou <https://www.uhc.com/privacy/entities-fn-v2>.

Avi sou Konfidansyalite pou Enfòmasyon Finansye

AVI SA A ENDIKE FASON YO KAPAB ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON FINANSYE OU YO. EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.

Anvigè apati 1ye janvye 2025

Nou² pwoteje “enfòmasyon finansye pèsònèl” (“FI”) ou yo. FI se enfòmasyon ki pa medikal. FI idantifye ou epi li anjeneral li pa piblik.

Enfòmasyon Nou Rasanble

- Nou jwenn FI nan aplikasyon ou yo oswa fòmilè ou yo. Se kapab non ou, adrès ou, laj ou, ak nimewo sekirite sosyal ou.
- Nou jwenn FI nan tranzaksyon ou fè avèk nou oswa avèk lòt kote. Sa gendwa done sou peman prim.

Fason nou Kominike FI

Nou pral pataje FI selon jan lalwa otorize sèlman.

Nou gendwa pataje FI ou an pou jere biznis nou an. Nou gendwa pataje FI ou an ak Afilye nou yo. Nou gendwa bezwen konsantman ou pou fè sa.

- Nou gendwa pataje FI ou pou trete tranzaksyon yo.
- Nou gendwa pataje FI ou pou jere kont ou (yo).
- Nou gendwa pataje FI ou pou reponn òdonans tribinal ak ankèt legal.
- Nou gendwa pataje FI ou ak konpayi ki prepare dokiman maketing nou yo.

Konfidansyalite ak Sekirite

Nou limite aksè anplwaye ak founisè sèvis nan FI ou an. Nou gen pwoteksyon anplas pou pwoteje FI ou an.

Seksyon 2: Vi prive w

Kesyon Konsènan Avi sa a

Tanpri **rele nimewo telefòn gratis pou manm nan kat idantifikasyon plan sante** a oswa kontakte Sant Apèl Kliyan UnitedHealth Group lan nan 1-866-633-2446, oswa TTY 711.

² Pou rezon Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Finansye sa a, “nou” oswa “n” vle pale apwopo plan sante ki afilye avèk UnitedHealth Group, epi afilye UnitedHealthcare ki annapre yo: ACN Group of California, Inc.; AmeriChoice Corporation.; Benefitter Insurance Solutions, Inc.; Claims Management Systems, Inc.; Dental Benefit Providers, Inc.; Ear Professional International Corporation; Excelsior Insurance Brokerage, Inc.; gethealthinsurance.com Agency, Inc. Golden Outlook, Inc.; Golden Rule Insurance Company; HealthMarkets Insurance Agency; Healthplex of CT, Inc.; Healthplex of NJ, Inc.; Healthplex, Inc.; HealthSCOPE Benefits, Inc.; International Healthcare Services, Inc.; Level2 Health IPA, LLC; Level2 Health Holdings, Inc.; Level2 Health Management, LLC; Managed Physical Network, Inc.; Optum Care Networks, Inc.; Optum Health Care Solutions, Inc.; Optum Health Networks, Inc.; Oxford Benefit Management, Inc.; Oxford Health Plans LLC; Physician Alliance of the Rockies, LLC; POMCO Network, Inc.; POMCO, Inc.; Real Appeal, LLC; Solstice Administrators of Alabama, Inc.; Solstice Administrators of Missouri, Inc.; Solstice Administrators of North Carolina, Inc.; Solstice Administrators, Inc.; Solstice Benefit Services, Inc.; Solstice of Minnesota, Inc.; Solstice of New York, Inc.; Spectera, Inc.; Three Rivers Holdings, Inc.; UHIC Holdings, Inc.; UMR, Inc.; United Behavioral Health; United Behavioral Health of New York I.P.A., Inc.; UnitedHealthcare, Inc.; United HealthCare Services, Inc.; UnitedHealth Advisors, LLC; UnitedHealthcare Service LLC; Urgent Care MSO, LLC; USHEALTH Administrators, LLC; and USHEALTH Group, Inc.; ak Vivify Health, Inc. Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Finansye sa a aplike sèlman lè lalwa egzije sa. Li pa aplike prezizeman pou (1) pwodui asirans swen sante Health Plan of Nevada, Inc. ak Sierra Health and Life Insurance Company, Inc. ofri nan Nevada; oswa (2) lòt plan sante UnitedHealth Group nan Eta ki prevwa eksepsyon. Pou jwenn yon lis ajou plan sante avi sa a konsènan, ale sou <https://www.uhc.com/privacy/entities-fn-v2>.

Avi sou disponiblite sèvis asistans lengwistik ak lòt fòm:
<https://www.uhc.com/communityplan/non-discrimination-notice>

Seksyon 3:

Jwenn èd nan men Sèvis pou Manm nou yo

Depatman Sèvis pou Manm nou an ka reponn tout kesyon ou yo. Nou ka ede w chwazi oswa chanje Founisè Swen Jeneral ou (Primary Care Provider; PCP an abreje), gade si yon sèvis kouvri, jwenn referans, jwenn yon founisè, ranplase yon kat ID ki pèdi, rapòte nesans yon nouvo tibebe, ak esplike nenpòt chanjman ki ta gendwa afekte avantaj ou oswa fanmi ou.

Kontakte Sèvis pou Manm yo

Ou ka rele nou nan Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 8:00 a.m.–7:00 p.m., epi Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**, 8:00 a.m.–8:00 p.m., men se pa nan jou ferye apwouve Eta a (tankou Jou Nwèl ak Jou Thanksgiving). Lè w rele, asire ou genyen kat idantite ou (kat ID) avèk ou pou nou ka ede w. (Si w pèdi kat ID ou an, oswa si yo vòlè li, rele Sèvis pou Manm yo.)

Kontakte Sèvis pou Manm yo apre lè biwo

Si w rele lè nou fèmen, tanpri kite yon mesaj. Nou pral tounen rele w nan pwochen jou ouvrab la. Si w gen yon kesyon ijan, ou gendwa rele Lij Enfimyè nou an nan 1-877-552-8105, TTY 711. Enfimyè/è nou yo disponib pou ede w 24 èdtan chak jou, 7 jou sou 7.

Seksyon 4: Ou bezwen èd pou kominike?

Si w pa pale anglè

Nou kapab ede. Nou gen moun ki ede nou pale avèk ou nan lang pa ou. Nou bay èd sa a gratis.

Rele Sèvis Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**
oswa Sèvis Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**

Pou moun ki gen andikap

Si w itilize chèz woulant, oswa w avèg, osinon ou gen pwoblèm pou tandè oswa pou konprann, rele nou si w bezwen èd anplis. Nou ka di w si kabinè yon founisè aksesib pou chèz woulant oswa si gen aparèy pou kominikasyon. Epitou, nou gen sèvis tankou:

- Sèvis Relè Telekomunikasyon yo. Sa ede moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa pou pale pou yo fè kontestasyon nan telefòn. Rele **711** epi ba yo nimewo telefòn Sèvis pou Manm nou an. Se Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711** oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**. Yo pral konekte ou avèk nou.
- Enfòmasyon ak dokiman an gwo lèt, odyo (son); ak braille
- Èd pou pran oswa pou ale nan randevou yo
- Non ak adrès founisè ki espesyalize nan andikap ou an

Yo ba ou tout sèvis sa yo gratis.

Seksyon 5:

Lè enfòmasyon ou yo chanje

Si nenpòt nan enfòmasyon pèsonèl ou chanje, enfòme nou byen vit pi bonè sa posib. Pou fè sa, ou kapab rele Sèvis pou Manm yo. Nou dwe kapab kontakte w konsènan bezwen swen sante w yo.

Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF) dwe konnen lè non w, adrès, konte, oswa nimewo telefòn ou chanje tou. Rele DCF gratis nan 1-866-762-2237 (TTY 1-800-955-8771) soti lendi pou rive vandredi apati 8:00 a.m. jiska 5:30 p.m. Epitou ou kapab ale sou entènèt epi fè chanjman yo nan Koneksyon Kominotè Otomatik ak Oto-Sifizans Ekonomik (Automated Community Connection to Economic Self Sufficiency, ACCESS) ou a sou <https://myaccess.myflfamilies.com/>.

Si w resevwa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), ou dwe kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) tou pou rapòte chanjman yo. Rele SSA gratis nan 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778), soti lendi pou rive vandredi, apati 7:00 a.m. jiska 7:00 p.m. Ou ka kontakte biwo Sekirite Sosyal lokal ou a tou oswa ale sou Entènèt epi fè chanjman yo nan kont Sekirite Sosyal ou a ou <https://secure.ssa.gov/RIL/SiView.do>.

Seksyon 6:

Chanjman nan plan sante w la

Si te gen yon gwo chanjman nan plan sante w la ki afekte w antanke manm enskri, plan an gen responsablite pou li enfòmè w (manm enskri a) omwen 30 jou anvan dat antre anvigè ki prevwa pou chanjman an.

Seksyon 7:

Kalifikasyon w pou Medicaid

Ou dwe kouvri nan Medicaid epi enskri nan plan nou an pou UnitedHealthcare Community Plan peye pou sèvis swen sante w yo ak randevou swen sante w yo. Yo rele sa genyen **Kalifikasyon Medicaid**. Si w resevwa SSI, ou kalifye pou Medicaid. Si ou pa resevwa SSI, ou dwe aplike pou Medicaid nan DCF.

Pafwa bagay nan lavi ou ka chanje, epi chanjman sa yo ka afekte posiblite pou ou ka gen Medicaid kanmenm. Li trè enpòtan pou asire ou gen Medicaid anvan ou ale nan nenpòt randevou. Jis paske ou gen yon Kat ID Plan pa vle di ou gen Medicaid toujou. Pa enkyete ou! Si w panse Medicaid ou a chanje oswa si w gen nenpòt kesyon sou Medicaid ou a, rele Sèvis pou Manm yo. Nou ka ede w verifye kouvèti ou.

Si w pèdi kalifikasyon w pou Medicaid

Si w pèdi Medicaid ou epi ou rebran li nan espas 180 jou, ou pral tounen enskri nan plan nou an.

Si w gen Medicare

Si ou gen Medicare, kontinye itilize kat ID Medicare ou a lè ou bezwen sèvis medikal (pa egzanp lè ou ale kay doktè oswa nan lopital), men bay founisè a kat ID Plan Medicaid ou a tou.

Seksyon 7: Kalifikasyon w pou Medicaid

Si w ap fè yon tibebe

Si w gen yon tibebe, nou ap kouvri li nan dat li fèt lan. Rele Sèvis pou Manm yo pou fè nou konnen tibebe w la rive, epi n ap ede asire tibebe w la kouvri epi li gen Medicaid touswit.

Li itil si ou fè nou konnen ou ansent **anvan** anvan tibebe w la fèt pou asire tibebe w la gen Medicaid. Rele DCF san frè nan 1-866-762-2237 pandan w ansent. Si w bezwen èd pou ou pale avèk DCF, rele nou. DCF pral asire tibebe w la gen Medicaid depi jou li fèt la. Y ap ba w yon nimewo Medicaid pou tibebe w la. Fè nou konnen nimewo Medicaid tibebe a lè w jwenn li.

Seksyon 8:

Enskripsyon nan plan nou an

Premye enskripsyon

Lè ou antre nan plan nou an pou premye fwa, ou gen 120 jou pou w eseye plan nou an. Si ou pa renmen li pou nenpòt rezon, ou ka enskri nan yon lòt plan SMMC nan menm rejyon an. Yon fwa 120 jou sa yo fini, ou enskri nan plan nou an pou rès ane a. Se sa yo rele **fèmen** nan yon plan. Chak ane ou gen Medicaid epi ou nan pwogram SMMC, w ap gen yon peryòd enskripsyon lib.

Peryòd enskripsyon lib

Chak ane, w ap gen 60 jou kote ou kapab chanje plan w lan si w vle. Yo rele sa **peryòd enskripsyon lib**. Peryòd enskripsyon lib a selon kote w ap viv la nan Florida. Koutye Enskripsyon Eta a ap voye yon lèt ba ou pou di w kilè peryòd enskripsyon lib ou an ye.

Ou pa oblije chanje plan pandan peryòd enskripsyon lib lan. Si w chwazi kite plan nou an epi ou enskri nan yon nouvo plan, w ap kòmanse ak nouvo plan w lan nan fen peryòd enskripsyon lib la. Yon fwa w enskri nan nouvo plan an, w ap fèmen ladan l jiska pwochen peryòd enskripsyon lib ou an. Ou ka rele Koutye Enskripsyon an nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970).

Seksyon 8: Enskripsyon nan plan nou an

Enskripsyon nan pwogram Swen sou Peryòd ki Long SMMC a

Pwogram Swen sou Peryòd ki Long (LTC) SMMC an bay sèvis etablisman swen enfimye ak swen adomisil ak kominotè pou granmoun aje ak granmoun (ki gen laj 18 lane oswa plis) ki gen andikap. Sèvis adomisil ak kominotè yo ede moun yo rete lakay yo, avèk sèvis tankou èd pou benyen, abiye, ak manje; ede pou nan travay yo; èd pou al fè acha; oswa sipèvizyon.

Nou peye pou sèvis yo bay nan etablisman swen enfimye an. Si w ap viv nan yon etablisman swen enfimye Medicaid a tan plen, pwobableman ou deja nan pwogram LTC a. Si w pa konnen oswa si w pa panse ou enskri nan pwogram LTC a, rele Sèvis pou Manm yo. Nou kapab ede ou.

Pwogram LTC a bay èd tou pou moun k ap viv lakay yo. Men, espas la limite pou sèvis adomisil sa yo, kidonk anvan ou ka resevwa sèvis sa yo, ou dwe pale avèk yon moun ki pral poze w kesyon sou sante w. Yo rele sa yon depistaj. Sant Resous pou Vyeyès ak Andikap (Aging and Disability Resource Centers, ADRC) nan Depatman Dosye Granmoun Aje fè depistaj sa yo. Yon fwa depistaj la fini, ADRC pral enfòmè ou konsènan lis atant ou an oswa l ap ba w yon lis resous si yo pa mete w sou lis atant lan. Si yo mete w sou lis atant epi yon plas vin disponib pou ou nan pwogram LTC an, pwogram Evalyasyon ak Egzamen Konplè pou Sèvis Swen sou Peryòd ki Long (Comprehensive Assessment and Review for Long-Term Care Services, CARES) Depatman Dosye Granmoun Aje yo pral mande w pou ou bay plis enfòmasyon sou tèt ou pou asire ou reponn ak lòt kritè medikal yo pou resevwa sèvis nan pwogram LTC a. Yon fwa w enskri nan pwogram LTC a, n ap asire ou kontinye ranpli kondisyon pou pwogram lan chak ane.

Sèten patisipan enskri pa oblije fè pwosesis depistaj oswa lis datant lan si yo ranpli tout lòt kondisyon kalifikasyon yo pou pwogram LTC a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Eksepsyon pou Depistaj nan Pwogram LTC a, ale sou paj wèb Ajans lan sou https://ahca.myflorida.com/Medicaid/statewide_mc/ltc_scrn.shtml. Pa egzanp:

1. Èske ou gen laj 18, 19 oswa 20 lane?
2. Èske ou gen yon maladi kwonik ki rann ou trè fèb anjeneral oswa yon pwoblèm medikal nan youn oswa plizyè sistèm fizyolojik oswa sistèm ògàn?
3. Èske ou bezwen sipèvizyon oswa entèvansyon medikal, swen enfimye oswa pou sante 24 sou 24?


Si ou te reponn “wi” pou touletwa kesyon yo, ou ka kontakte UnitedHealthcare Community Plan pou mande yon evalyasyon pou pwogram LTC an.

Ou ka jwenn nimewo telefòn ADRC lokal ou avèk itilizasyon kat ki annapre a.

Epitou, yo ka ede reponn nenpòt lòt kesyon ou genyen sou pwogram LTC a. Ale sou

https://ahca.myflorida.com/Medicaid/statewide_mc/smmc_ltc.shtml for more information.

26 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.



Sant Resous pou Vyeyès ak Andikap (ADRC)

PSA 1

Northwest Florida Area Agency on Aging, Inc.
5090 Commerce Park Circle
Pensacola, FL 32505
850-494-7101
www.nwflaaa.org

PSA 2

Advantage Aging Solutions
2414 Mahan Drive
Tallahassee, FL 32308
850-488-0055
<https://www.advantageaging.org/>

PSA 3

Elder Options
100 SW 75th Street, Suite 301
Gainesville, FL 32607
352-378-6649
www.agingresources.org

Seksyon 8: Enskripsyon nan plan nou an

PSA 4

ElderSource,
The Area Agency on Aging
of Northeast Florida
10688 Old St. Augustine Road
Jacksonville, FL 32257
904-391-6600
www.myeldersource.org

PSA 5

Area Agency on Aging of Pasco-Pinellas, Inc.
9549 Koger Boulevard
Gadsden Building, Suite 100
St. Petersburg, FL 33702
727-570-9696
www.agingcarefl.org

PSA 6

Senior Connection Center, Inc
8928 Brittany Way
Tampa, FL 33619
813-740-3888
www.seniorconnectioncenter.org

PSA 7

Senior Resource Alliance
3319 Maguire Boulevard, Suite 100
Orlando, FL 32803
407-514-1832
www.seniorresourcealliance.org

PSA 8

Area Agency on Aging
for Southwest Florida, Inc.
2830 Winkler Avenue, Suite 112
Fort Myers, FL 33916
239-652-6900
www.aaaswfl.org

PSA 9

Area Agency on Aging
of Palm Beach/Treasure Coast, Inc.
4400 N Congress Avenue
West Palm Beach, FL 33407
561-684-5885
www.youragingresourcecenter.org

PSA 10

Aging and Disability Resource Center
of Broward County, Inc.
5300 Hiatus Road
Sunrise, FL 33351
954-745-9567
www.adrcbroward.org

PSA 11

Alliance for Aging, Inc.
760 NW 107th Avenue, Suite 214, 2nd Floor
Miami, FL 33172
305-670-6500
www.allianceforaging.org

Seksyon 9:

Kite plan nou an (anilasyon enskripsyon)

Lè ou kite yon plan yo rele sa **anilasyon enskripsyon**. Dapre lalwa, moun pa ka kite oswa chanje plan pandan yo fèmen eksepte pou rezon byen presi. Si w vle kite plan nou an pandan ou fèmen, rele Koutye Enskripsyon Eta a pou w wè si w otorize chanje plan.

Ou ka kite plan nou an nenpòt kilè pou rezon ki annapre yo (yo rele l tou **Pou rezon Motif Anilasyon Enskripsyon**¹):

- Nou pa kouvri yon sèvis pou rezon moral oswa relijye
- W ap viv epi w ap resevwa sèvis Swen sou Peryòd ki Long ou nan yon etablisman rezidans asiste, yon kay swen familyal pou granmoun, oswa yon founisè etablisman swen enfimye ki te nan rezo nou an men ki pa nan rezo nou an ankò

Ou ka kite plan nou an tou pou rezon ki annapre yo, si ou te reyalize pwosesis doleyans ak kontestasyon nou an²:

- Ou resevwa move kalite swen, epi Ajans lan dakò avèk ou apre yo te egzamine dosye medikal ou yo
- Ou pa ka jwenn sèvis ou bezwen yo nan plan nou an, men ou ka jwenn sèvis ou bezwen yo nan yon lòt plan
- Sèvis ou yo te retade san yon rezon valab

Si w gen nenpòt kesyon konsènan si ou kapab chanje plan, rele:

Sèvis Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711**,
oswa Sèvis Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711**,
oswa Koutye Enskripsyon Eta a nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970).

¹ Pou jwenn lis konplè rezon pou Anilasyon Enskripsyon pou Motif Valab, tanpri gade nan Règ Administratif Florid 59G-8.600: <https://www.flrules.org/gateway/RuleNo.asp?title=MANAGEDCARE&ID=59G-8.600>

² Pou aprann kòman pou mande yon kontestasyon, tanpri ale nan Seksyon 17, Satisfaksyon Manm yo, nan paj 101.

Seksyon 9: Kite plan nou an (anilasyon enskripsyon)

Retire ou nan plan nou an (anilasyon enskripsyon envolontè)

Ajans lan ka retire w nan plan nou an (epi pafwa nan pwogram SMMC a nèt) pou sèten rezon. Yo rele sa **anilasyon enskripsyon envolontè**. Rezon sa yo gen ladan:

- Ou pèdi Medicaid ou
- Ou deplase al rete andeyò kote nou fonksyone, oswa andeyò Eta Florid
- Ou mal itilize kat ID Plan w lan ak tout volonte w oswa ou kite yon lòt moun itilize kat ID Plan w lan
- Ou falsifye oswa kontrefè preskripsyon
- Ou menm oswa responsab swen ou yo konpòte nou yon fason ki rann li difisil pou nou ba w swen
- Ou nan pwogram LTC an epi w ap viv nan yon etablisman rezidans asiste oswa yon kay swen familyal pou granmoun ki pa tankou yon kay epi ou p ap demenaje al nan yon etablisman ki sanble ak yon kay³

Si Ajans lan retire ou nan plan nou an paske ou vyole lalwa oswa pou konpòtman ou, ou pa kapab tounen nan pwogram SMMC an.

³ Sa se pou manm ki enskri nan pwogram Swen sou Peryòd ki Long sèlman. Si w gen kesyon konsènan konfòmite etablisman w ak egzijans federal sa a, tanpri rele Sèvis pou Manm oswa jesyonè dosye ou an.

Seksyon 10:

Jesyon swen ou

Si w gen yon pwoblèm medikal oswa yon maladi ki mande soutyen ak kowòdinasyon siplemantè, nou gendwa bay yon jesyonè dosye ki pou travay avèk ou. Jesyonè dosye ou an ap ede w jwenn sèvis ou bezwen yo. Jesyonè dosye a pral travay avèk lòt founisè w yo pou jere swen sante w. Si nou ba ou yon jesyonè dosye epi ou pa vle youn, rele Sèvis pou Manm yo pou fè nou konnen.

Si w nan pwogram LTC a, n ap ba w yon jesyonè dosye. Ou dwe gen yon jesyonè dosye si w nan pwogram LTC a. Jesyonè dosye w la se moun pou ou ale kote l la epi li responsab pou **kowòdone swen ou yo**. Sa vle di li se moun ki pral ede w konnen ki sèvis LTC ou bezwen ak kijan pou w jwenn yo.

Si ou gen yon pwoblèm avèk swen ou yo, oswa yon bagay nan lavi ou chanje, fè jesyonè dosye ou an konnen sa epi li pral ede w deside si sèvis ou yo dwe chanje pou soutni ou pi byen.

Chanje jesyonè dosye yo

Si w vle chwazi yon lòt jesyonè dosye, rele Sèvis pou Manm yo. Ka gen lè kote nou pral oblije chanje jesyonè dosye ou an. Si nou dwe fè sa, n ap voye yon lèt pou enfòmè ou epi nou gendwa ba w yon koutfil.

Seksyon 10: Jesyon swen ou

Bagay enpòtan pou w di jesyonè dosye ou an

Si yon bagay chanje nan lavi ou oswa ou pa renmen yon sèvis oswa yon founisè, fè jesyonè dosye ou an konnen sa. Ou dwe di jesyonè dosye ou an si:

- Ou pa renmen yon sèvis
- Ou gen enkyetid konsènan yon founisè sèvis
- Sèvis ou yo pa bon
- Ou jwenn nouvo asirans sante
- Ou ale nan lopital oswa sèvis ijans
- Responsab swen ou an pa ka ede w ankò
- Sitiyasyon lavi ou chanje
- Non w, nimewo telefòn, adrès, oswa konte ou chanje

Mande pou mete sèvis ou yo annatant

Si yon bagay chanje nan lavi w epi ou dwe sispann sèvis ou a (yo) pou yon ti tan, fè jesyonè dosye w la konnen sa. Jesyonè dosye ou an ap mande w pou w ranpli epi siyen yon Fòmilè Konsantman pou Sispannyon Volontè pou mete sèvis ou(yo) annatant.

Nouvo teknoloji

Komite Evalyasyon Teknoloji UnitedHealthcare Community Plan dwe egzamine demann pou kouvri nouvo pwosedi medikal, aparèy, oswa medikaman. Gwoup sa a gen ladan doktè ak lòt ekspè nan swen sante. Ekip la itilize machaswiv nasyonal ak prèv syantifik nan etid medikal pou ede deside si wi ou non UnitedHealthcare Community Plan ta dwe apwouve nouvo ekipman, pwosedi, oswa medikaman yo.

Sèvis Jesyon Itilizasyon

UnitedHealthcare fè sèvis jesyon itilizasyon pou asire ou jwenn bon swen nan bon moman nan bon anviwònman an. Pou aprann plis sou jesyon itilizasyon, rele **1-888-716-8787**, TTY **711**, 8:00 a.m.–5:00 p.m., Lendi–Vandredi si ou gen kesyon. Nou pral esplike kòman UM fonksyone ak kisa sa vle di pou swen ou yo. Mesaj vokal disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. Gen asistans siplemantè disponib pou lang, epi nou ka ba w dokiman yo nan yon lang oswa fòma ki fasil pou ou konprann.

Pwogram jesyon itilizasyon

UnitedHealthcare Community Plan vle pou ou jwenn swen ki bon pou ou, san ou pa jwenn swen ou pa bezwen. Nou ede asire ou jwenn bon swen nan pran desizyon ki baze sou bezwen medikal, ki baze sou si swen yo apwopriye, epi si se yon avantaj kouvri. Pou asire desizyon yo jis, nou pa rekonpanse pèsònèl ki pran desizyon sa yo poutèt yo di non. Si ou gen kesyon sou kijan yo pran desizyon yo, rele nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 8:00 a.m. - 5:00 p.m., Lendi–Vandredi.

Politik ak pwosedi egzamen itilizasyon

UnitedHealthcare Community Plan gen politik ak etap nou swiv nan pran desizyon sou apwobasyon sèvis medikal yo. Nou vle asire sèvis swen sante yo bay yo nesèsè pou rezon medikal, yo koresponn ak pwoblèm sante w la epi yo bay yo nan pi bon etablisman swen an. Nou asire yo bay bon jan kalite swen. Kritè yo itilize nan pran desizyon nou an disponib pou ou menm ak doktè ou si nou mande yo.

Anplwaye nou yo oswa founisè nou yo pa jwenn rekonpans nan okenn fason poutèt yo pa ba ou swen oswa sèvis ou bezwen yo oswa poutèt yo di ou pa ta dwe jwenn yo.

Genyen tou kèk tretman ak pwosedi nou dwe egzamine anvan pou ou kapab jwenn yo. Founisè ou yo konnen kisa yo ye, epi yo okipe fè nou konnen yo pou nou egzamine yo. Revizyon nou fè a rele yon Egzamen Itilizasyon. Nou pa rekonpanse pèsònèl poutèt yo di non pou swen ki nesèsè yo. Si w gen kesyon sou Jesyon Itilizasyon an, ou ka pale avèk pèsònèl nou an. Estaf nou an disponib 8:00 am jiska 5:00 p.m., lendi jiska vandredi nan **1-888-716-8787**, TTY **711**. Gen èd disponib nan domèn lang.

Seksyon 11:

Aksè ak sèvis

Anvan ou jwenn yon sèvis oswa ou ale nan yon randevou pou swen sante, nou dwe asire ou bezwen sèvis la epi li bon pou ou pou rezon medikal. Yo rele sa a **otorizasyon davans**. Pou fè sa, nou gade antesedan medikal ou ak enfòmasyon doktè w oswa lòt founisè swen sante w bay. Apre sa, nou pral deside si sèvis sa a ka ede w. Nou itilize règ nan Ajans lan pou pran desizyon sa yo.

Founisè ki nan plan nou an

Nan pifò ka, ou dwe itilize doktè, lopital, ak lòt founisè swen sante ki nan **rezò founisè** nou an. Rezo founisè nou an se gwoup doktè, terapet, lopital, etablisman, ak lòt founisè swen sante nou kolabore avèk yo. Ou ka chwazi nan pami nenpòt founisè nan rezò founisè nou an. Yo rele saa **libète chwa** ou. Si w itilize yon founisè swen sante ki pa nan rezò nou an, ou gendwa oblije peye pou randevou oswa pou sèvis sa.

W ap jwenn yon lis founisè ki nan rezò nou an nan repètwa founisè nou an. Si w vle yon kopi anyè founisè a, rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**; ak Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711** pou jwenn yon kopi oswa vizite sit entènèt nou an nan **myuhc.com/CommunityPlan**.

Ou ka aprann enfòmasyon sou doktè rezò yo sou **myuhc.com/CommunityPlan**, oswa lè w rele Sèvis Manm yo. Nou ka ba ou enfòmasyon ki annapre yo:

1. Non, adrès, nimewo telefòn
2. Kalifikasyon pwofesyonèl
3. Espesyalite
4. Sètifikasyon nan Konsèy administrasyon
5. Lang founisè a pale
6. Enfòmasyon sou lekòl medsin li te etidye ladan l ak pwogram rezidans lan
7. Eta sètifikasyon nan konsèy administrasyon an

Si w nan pwogram LTC a, jesyonè dosye ou an se moun k ap ede w chwazi yon founisè sèvis ki nan rezo nou an pou chak sèvis ou yo. Yon fwa ou chwazi yon founisè sèvis, li pral kontakte li pou kòmanse sèvis ou yo. Se konsa yo **apwouve** sèvis nan pwogram LTC a. Jesyonè dosye ou an pral travay avèk ou, fanmi w, responsab swen ou yo, doktè w yo ak lòt founisè swen w yo pou asire sèvis LTC ou yo fonksyone avèk swen medikal ou ak lòt pati nan lavi w.

Founisè ki pa nan plan nou an

Gen kèk sèvis ou gendwa jwenn nan men founisè ki pa nan rezo founisè nou an. Sèvis sa yo se:

- Sèvis ak founiti pou planin familyal
- Sèvis sante prevantif fanm yo, tankou egzamen tete, depistaj kansè nan kòl matris, ak swen prenatal
- Tretman maladi moun pran nan fè sèks
- Swen pou ijans

Si nou pa ka jwenn yon founisè nan rezo founisè nou an pou sèvis sa yo, n ap ede w jwenn yon lòt founisè ki pa nan rezo nou an. Sonje pou verifye avèk nou anvan ou itilize yon founisè ki pa nan rezo founisè nou an. Si ou gen kesyon, rele Sèvis pou Manm yo.

Lè nou peye pou sèvis dantè ou yo

Plan dantè ou an pral kouvri pifò sèvis dantè w yo, men UnitedHealthcare Community Plan gendwa kouvri kèk sèvis. Tablo ki anba a ap ede w konprann ki plan ki peye pou yon sèvis. Plan sa a pa bay avantaj dantè woutin.

Tip sèvis dantè (yo)	Plan dantè a kouvri	Plan medikal la kouvri
Sèvis Dantè	Kouvri lè ou wè dantis ou oswa ijyenis dantè w.	Kouvri lè w wè doktè w oswa enfimye/è w.
Sèvis dantè ki pwograme nan yon lopital oswa yon sant chiriji	Kouvri pou sèvis dantè dantis ou bay.	Kouvri pou doktè, enfimye/è, lopital, ak sant chiriji.

Seksyon 11: Aksè ak sèvis

Tip sèvis dantè (yo)	Plan dantè a kouvri	Plan medikal la kouvri
Vizit nan lopital pou yon pwoblèm dantè	Pa kouvri.	Kouvri:
Preskripsyon medikaman pou yon vizit oswa pwoblèm dantè	Pa kouvri.	Kouvri:
Transpò nan sèvis oswa randevou dantè	Pa kouvri.	Kouvri:
Anestezi pou sèvis nan yon lopital oswa yon sant chiriji.	Pa kouvri.	Kouvri:

Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711** oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711** pou ede w fè aranjman pou sèvis sa yo.

Pou kisa mwen dwe peye?

Ou gendwa oblije peye pou randevou oswa sèvis ki pa kouvri yo. Yon sèvis kouvri se yon sèvis nou dwe bay nan pwogram Medicaid la. Tout sèvis ki endike nan manyèl sa a se sèvis ki kouvri. Manm Medicaid yo pa gen kopeman. Sonje, jis paske yon sèvis kouvri, sa pa vle di ou pral bezwen li. Ou gendwa oblije peye pou sèvis yo si nou pa te apwouve yo anvan.

Si w resevwa yon bòdwo nan men yon founisè, rele Sèvis pou Manm yo. Pa peye bòdwo a jiskaske ou fin pale avèk nou. Nou pral ede w.

Sèvis pou timoun yo⁴

Nou dwe bay tout sèvis ki nesèsè pou rezon medikal pou manm nou yo ki gen laj 0-20 lane. Sa se lalwa. Sa vre menm si nou pa kouvri yon sèvis oswa sèvis la gen yon limit.

⁴ Yo rele l tou egzijans “Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Bonè ak Regilye (Early and Periodic Screening, Diagnosis, and Treatment)” oswa “EPSDT”.

Toutotan sèvis timoun ou an nesèsè pou rezon medikal, sèvis yo:

- Pa gen limit dola, oswa
- Pa gen limit tan, tankou limit chak èdtan oswa limit chak jou.

Founisè ou an gendwa oblije mande nou apwobasyon anvan li bay timoun ou an sèvis la. Rele Sèvis pou Manm yo si w vle konnen kòman pou mande sèvis sa yo.

Sèvis ki kouvri nan sistèm founiti frè pou sèvis Medicaid la, ki pa kouvri nan UnitedHealthcare Community Plan

Pwogram frè pou sèvis Medicaid la responsab pou kouvri sèvis ki annapre yo, olye pou se UnitedHealthcare Community Plan ki kouvri sèvis sa yo:

- Pwogram Korespondans Sètifye depatman sante Konte an (County Health Department, CHD)
- Egzanpsyon Sèvis ki baze nan Kay ak nan Kominote pou Bidjè Endividyèl (iBudget) Andikap nan Devlopman
- Egzanpsyon Sèvis ki baze nan Kay ak nan Kominote pou Dizotonomi Familyal (Familial Dysautonomia, FD)
- Medikaman anrapò ak faktè emofilik
- Sèvis Etablisman Swen Entèmedyè pou Moun ki Gen Andikap Entèlektyèl (Intermediate Care Facility Services for Individuals with Intellectual Disabilities, ICF/IID)
- Pwogram Korespondans Lekòl Sètifye Medicaid (Medicaid Certified School Match, MCSM)
- Egzanpsyon Modèl Sèvis ki baze nan Kay ak nan Kominote
- Sèvis Odisyon Nouvone
- Swen Pwolonje Pedyatrik ki Preskri
- Pwogram Korespondans Konte pou Abi Sibstans

Paj wèb Ajans sa a bay detay sou chak sèvis ki endike anwo a ak fason pou jwenn aksè ak sèvis sa yo: http://ahca.myflorida.com/Medicaid/Policy_and_Quality/Policy/Covered_Services_HCBS_Waivers.shtml.

Objeksyon moral oswa relijye

Si nou pa kouvri yon sèvis akòz yon rezon relijye oswa moral, n ap fè ou konnen sèvis la pa kouvri. Nan ka sa yo, ou dwe rele Koutye Enskripsyon Eta a nan 1-877-711-3662 (TDD 1-866-467-4970). Koutye Enskripsyon an ap ede w jwenn yon founisè pou sèvis sa yo.

Seksyon 12:

Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Chwazi yon Founisè Swen Prensipal (PCP)

Si w gen Medicare, tanpri kontakte nimewo ki sou kat ID Medicare ou an pou w jwenn enfòmasyon sou PCP ou an.

Youn nan premye bagay w ap gen pou ou fè lè w enskri nan plan nou an se chwazi yon PCP. Se kapab yon doktè, yon enfimye/enfimyè pratisyen, oswa yon asistan doktè. W ap kontakte PCP ou an pou pran yon randevou pou sèvis tankou bilan regilye, piki (vaksen), oswa lè w malad. PCP ou an pral ede w jwenn swen nan men lòt founisè oswa espesyalis tou. Yo rele sa yon **referans**. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo pou chwazi PCP ou.

Ou ka chwazi yon PCP diferan pou chak manm fanmi an oswa ou ka chwazi yon PCP pou tout fanmi an. Si w pa chwazi yon PCP, n ap bay yon PCP pou ou menm ak fanmi w. Ou ka chanje PCP w la nenpòt lè. Pou chanje PCP ou, rele Sèvis pou Manm yo.

Chwazi yon PCP pou timoun ou

Ou ka chwazi yon PCP pou tibebe w lavan tibebe w la fèt. Nou ka ede w ak sa lè w rele Sèvis pou Manm yo. Si w pa chwazi yon PCP nan lespas pou tibebe w la fèt, n ap chwazi youn pou ou. Si w vle chanje PCP tibebe w la, rele nou.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Li enpòtan pou w chwazi yon PCP pou timoun ou pou asire li resevwa vizit timoun an bon sante li chak ane. Vizit timoun an bon sante yo se pou timoun laj 0–20 lane. Vizit sa yo se bilan regilye ki ede ou menm ak PCP timoun ou an konnen sa k ap pase avèk timoun ou ak kòman l ap grandi. Timoun ou an gendwa resevwa piki tou (vaksen) nan vizit sa yo. Vizit sa yo ka ede jwenn pwoblèm epi kenbe timoun ou an sante.⁵ Ou ka mennen timoun ou kay yon pedyat, yon doktè fanmi, oswa yon lòt founisè swen sante.

Ou pa bezwen yon referans pou vizit timoun an bon sante. Epitou, pa gen okenn frè pou vizit timoun an bon sante.

Swen espesyalis ak referans

Pafwa, ou gendwa gen pou ou wè yon founisè ki pa PCP ou pou pwoblèm medikal tankou pwoblèm medikal espesyal, blesi, oswa maladi. Pale avèk PCP ou an dabò. PCP w la pral refere w bay yon **espesyalis**. Yon espesyalis se yon founisè ki travay nan yon domèn swen sante.

Si w gen yon jesyonè dosye, asire ou enfòmè jesyonè dosye ou an pou **referans** ou yo. Jesyonè dosye a pral travay avèk espesyalis la pou jwenn swen ou yo.

Dezyèm opinyon yo

Ou gen dwa pou ou jwenn yon **dezyèm opinyon** konsènan swen ou yo. Sa vle di pale avèk yon lòt founisè pou wè kisa li gen pou l di sou swen ou yo. Dezyèm founisè a ap ba ou pwendvi li. Sa gendwa ede w deside si sèten sèvis oswa tretman se sila yo ki pi bon pou ou. Pa gen okenn frè pou ou jwenn yon dezyèm opinyon.

PCP ou an, jesyonè dosye ou an oswa Sèvis pou Manm yo ka ede w jwenn yon founisè pou ba w yon dezyèm opinyon. Ou ka chwazi nenpòt nan founisè nou yo. Si w pa kapab jwenn yon founisè avèk nou, n ap ede w jwenn yon founisè ki pa nan rezo founisè nou an. Si ou bezwen wè yon founisè ki pa nan rezo founisè nou an pou dezyèm opinyon an, nou dwe apwouve li anvan ou wè founisè a.

⁵ Pou jwenn plis enfòmasyon sou depistaj ak evalyasyon yo rekòmande pou timoun yo, tanpri al gade nan “Rekòmandasyon pou Swen Sante Prevantif Pedyatrik – Kalandriye Peryodisite” nan **Kalandriye Peryodisite (aap.org)**.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Swen ijan

Swen Ijan se pa Swen pou Ijans. Swen Ijan yo nesesè lè w gen yon blesi oswa yon maladi ki dwe trete nan espas 48 èdtan. Anjeneral, sante w oswa lavi w pa andanje, men ou pa ka tann pou wè PCP ou oswa se apre kabinè PCP ou an fèmen.

Si ou bezwen Swen Ijan apre lè biwo epi ou pa ka kontakte PCP w, ou ka pale avèk yon doktè swen jeneral avèk UHC Doctor Chat oswa ou ka ale nan sèvis ijans ki pi pre a.

Epitou, pou jwenn sant Swen Ijan yo ki pi pre ou, ou gendwa rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**; Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**; oswa ale sou entènèt sou **myuhc.com/CommunityPlan**.

UHC Doctor Chat®

Lè w santi w malad oswa w gen kesyon sou sante epi w pa ka jwenn doktè swen jeneral ou, ou ka pale avèk youn nan kèk segonn, 24 sou 24, 7 jou sou 7, grasa UHC Doctor Chat. Jwenn repons, tretman ak swen swivi ou bezwen yo, lè ou bezwen yo - san okenn frè pou ou. Tanpri konnen se yon aplikasyon diferan ak aplikasyon UnitedHealthcare lan. Pou telechaje l, chèche “UnitedHealthcare Doctor Chat” nan App Store oswa Google Play, oswa vizite **uhcdoctorchat.com**.

Swen lopital

Si w bezwen ale nan lopital pou yon randevou, yon operasyon oswa yon sejou pou nwit la, PCP w la ap pwograme l. Nou dwe apwouve sèvis nan lopital la anvan ou ale, sòf pou ijans yo. Nou p ap peye pou sèvis lopital sòf si nou apwouve yo alavans oswa si se yon ijans.

Si w gen yon jesyonè dosye, li pral travay avèk ou menm ak founisè ou an pou mete sèvis yo an plas lè w ale lakay ou sot nan lopital la.

Swen pou ijans

Ou gen yon **ijans** medikal lè ou sitèlman malad oswa blese, lavi w oswa sante w andanje si ou pa jwenn swen medikal touswit. Kèk egzanp se:

- Zo kase
- Senyen ki pa vle sispann
- Ou ansent, gen tranche ak/oswa w ap senyen
- Pwoblèm pou respire
- Toudenkou ou pa kapab wè, bouje, oswa pale

Sèvis ijans yo se sèvis sa yo ou jwenn lè ou malad oswa blese anpil. Sèvis sa yo eseye kenbe ou vivan oswa anpeche ou vin pi mal. Yo bay yo anjeneral nan yon sèvis ijans.

Si eta ou grav, rele 911 oswa ale nan etablisman ijans ki pi pre a touswit. Ou ka ale nan nenpòt lopital oswa etablisman ijans. Si ou pa fin konnen si se yon ijans, rele PCP ou an. PCP ou ap di w kisa pou w fè.

Lopital la oswa etablisman an pa oblije fè pati rezo founisè nou an oswa nan zòn sèvis nou an. Ou pa bezwen jwenn apwobasyon alavans nonplis pou w jwenn swen ijans oswa pou sèvis w ap resevwa nan yon sèvis ijans pou trete eta w.

Si w gen yon ijans lè w lwen lakay ou, jwenn swen medikal ou bezwen yo. Asire ou rele Sèvis pou Manm yo lè w kapab epi enfòmè nou.

Egzekite preskripsyon yo

Nou kouvri yon pakèt kantite medikaman sou preskripsyon. Nou gen yon lis medikaman nou kouvri. Yo rele lis sa a **Lis Medikaman Prefere** nou. Ou ka jwenn lis sa a sou sit entènèt nou an sou **myuhc.com/CommunityPlan** oswa lè w rele Sèvis pou Manm yo.

Nou kouvri medikaman **mak komèsyal** ak medikaman **jenerik**. Medikaman jenerik yo gen menm engredyan ak medikaman mak komèsyal yo, men yo souvan pi bon mache pase medikaman mak komèsyal yo. Yo aji menm jan. Pafwa, nou gendwa gen pou apwouve itilizasyon yon medikaman mak komèsyal anvan preskripsyon ou an egzekite.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Nou gen famasi nan rezo founisè nou an. Ou ka egzekite preskripsyon ou nan nenpòt famasi ki nan rezo founisè nou an. Asire w pote kat ID Plan w lan avèk ou nan famasi a.

Lis medikaman ki kouvri yo ka chanje detanzantan, men n ap enfòme w si yon bagay chanje.

Gen kèk medikaman ki sou Lis Medikaman Prefere yo ki bezwen otorizasyon alavans. Sa vle di yo dwe apwouve yo anvan w ka resevwa medikaman sa yo. Lè yon medikaman bezwen otorizasyon alavans, doktè ou dwe kontakte depatman Famasi nou an. Yo pral egzamine demann doktè a. Desizyon an gendwa pran jiska 24 èdtan depi yo bay tout enfòmasyon ki nesèsè pou rezon medikal. Ou menm ak doktè w ap enfòme sou rezilta a. Pa gen okenn kopeman pou medikaman sou preskripsyon pou manm Medicaid yo.

Enfòmasyon famasi espesyalite

Nan kèk ka, yo gendwa preskri ou yon medikaman ki pa genyen nan pifò famasi estanda yo, ki ka egzekite sèlman nan yon famasi espesyalize.

Si sa rive, UnitedHealthcare gendwa afekte w nan yon famasi espesyalite nan rezo a pou ede w fè egzekite preskripsyon an nan zòn ou an. Si yo afekte w nan yon famasi espesyalite, w ap resevwa yon lèt ki bay non an ak anplasan an.

Si w prefere yon lòt famasi espesyalize, ou gen 30 jou pou w mande yon chanjman lè w rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**; Sèvis Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**; oswa ale sou Entènèt sou **myuhc.com/CommunityPlan** Apre 30 jou, demann ou an ap gen pou li fèt alekri bay:

UnitedHealthcare Community Plan
7901 SW 6th Street, Suite 400
Plantation, FL 33324

Sèvis sante konpòtmantal

Gen kèk lè kote ou gendwa gen pou ou pale avèk yon terapeit oswa yon konsèyè, pa egzanp: si w gen nenpòt nan santiman oswa pwoblèm ki annapre yo:

- Toujou santi ou tris
- Pa vle fè bagay sa yo ou te konn renmen fè
- Santi ou san valè
- Gen pwoblèm somèy
- Pa santi anvi manje
- Abi alkòl oswa dwòg
- Pwoblèm nan maryaj ou
- Enkyetid nan elve timoun

Nou kouvri anpil kalite sèvis sante konpòtmantal diferan ki ka ede pou pwoblèm ou gendwa rankontre. Ou ka rele yon founisè sante konpòtmantal pou yon randevou. Ou ka jwenn èd pou jwenn yon founisè sante konpòtmantal lè ou:

- Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711;** oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711**
- Ale sou sit entènèt nou an **myuhc.com/CommunityPlan**

Gen yon moun ki la pou ede w 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w pou sèvis sante konpòtmantal.

Si ou panse blese tèt ou oswa blese yon lòt moun, rele 911. Epitou, ou ka ale tou nan sèvis ijans oswa nan sant estabilizasyon kriz la ki pi pre a, menm si li pa nan zòn sèvis nou an. Yon fwa ou nan yon kote ki ansekirite, rele PCP w la si ou kapab. Fè swivi avèk founisè ou an nan espas 24-48 èdtan. Si w jwenn swen ijans andeyò zòn sèvis la, n ap planifye pou transfere w nan yon lopital oswa kay yon founisè ki nan rezo plan nou an on fwa ou vin estab.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Pwogram rekonpans pou manm yo

Nou ofri pwogram pou ede w rete an sante epi ede w viv yon lavi ki pi an sante (tankou pèdi pwa oswa kite fimen). Nou rele sa yo **pwogram bon konpòtman**. Ou ka benefisye rekonpans pandan w ap patisipe nan pwogram sa yo. Plan nou an ofri pwogram ki pral site la yo:

Pwogram ankourajman kont abi sibstans – Ou pral travay avèk doktè ou pou fikse ak akonpli objektif yo. Ou ka antre nan pwogram lan nan diferan fason. Ou ka rele doktè ou pou antre ladan, pale avèk jesyonè dosye ou an, oswa fè yon evalyasyon sante sou entènèt. Epitou, ou ka chwazi pou ou gen yon lòt jesyonè dosye sante konpòtmantal. Ou ka benefisye rekonpans chak fwa ou fini yon etap objektif. Pou jwenn rekonpans lan, doktè ou dwe siyen yon fòmilè lè objektif la akonpli.

Sispann fimen – Èske w fimen? Si w fimen, èske w vle eseye epi kite fimen? Nou gen yon pwogram gratis ki disponib pou sispann fimen.

Ankadreman sante pou pèdi pwa – Pwogram sa a pral ede w fikse objektif pou w viv pi an sante. Ou pral travay avèk yon antrenè nan telefòn. W ap resevwa kourye tou ki gen konsèy pou viv ansante. Ou ka rele doktè ou pou ou antre ladan l oswa ou ka fè yon evalyasyon sante sou entènèt.

Rekonpans Healthy First Steps® – Se yon pwogram ki baze sou entènèt. Ou pral resevwa mesaj tèks ak imèl. Ou ka enskri pou Rapèl pou vizit kay doktè ou pandan w ansent. Yon fwa tibebe w la fèt, w ap jwenn konsèy sou moman pou w mennen tibebe w la pou bilan yo. Ou ka jwenn rekonpans poutèt ou fè tout vizit kay doktè ou. Ou ka jwenn rekonpans tou poutèt w ale nan tout bilan tibebe w la jiskaske li gen laj 15 mwa.

Si w chwazi pou anile enskripsyon nan UnitedHealthcare Community Plan, w ap pèdi tout rekonpans pwogram yo. Si w pèdi kalifikasyon pou Medicaid pandan plis pase 180 jou sivil epi ou pa reyentegre otomatikman, w ap pèdi tout rekonpans pwogram ou benefisye yo. Tanpri sonje rekonpans yo pa kapab transfere. Si ou kite Plan nou an pandan plis pase 180 jou, ou gendwa pa resevwa rekonpans ou. Si w gen kesyon oswa ou vle patisipe nan nenpòt nan pwogram sa yo, rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711**; oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711**; oswa ale sou Entènèt sou **myuhc.com/CommunityPlan**.

Pwogram jesyon maladi kwonik yo

Nou gen pwogram espesyal ki disponib ki pral ede w si w gen youn nan pwoblèm medikal sa yo.

- Kansè ak prevansyon kansè
- Dyabèt ak prevansyon dyabèt
- Depresyon ak prevansyon depresyon (gen ladan l prevansyon swisid)
- Viris Iminodefisyans Imen (VIH), Sendwòm Iminodefisyans Aki (SIDA), ak prevansyon VIH
- Maladi ren kwonik
- Tansyon wo

Pwoblèm nan fen lavi, sa gen ladan l enfòmasyon sou Direktiv Alavans

Dwa pasyan an pou deside

Tout manm enskri ki gen laj 18 lane oswa plis ki nan etablisman swen sante tankou lopital, etablisman swen enfimye, ospis, ajans Sante Adomisil, ak òganizasyon antretyen sante, gen sèten dwa dapre lwa Florid.

Ou gen dwa pou ou ranpli yon papyè yo rele “Direktiv Alavans.” Papyè a di alavans ki kalite tretman ou vle oswa ou pa vle nan pwoblèm medikal espesyal ki grav – eta ki ta fè ou pa kapab pran pwòp desizyon ou. Kòm egzanp, si ou ta nan koma, yon Direktiv Alavans ta fè pèsònèl etablisman swen sante a konnen volonte byen presi ou sou desizyon ki afekte swen ou yo.

Kisa yon Direktiv Alavans ye?

Yon Direktiv Alavans se yon deklarasyon alekri, ki fèt avèk temwen anvan yon maladi oswa blesi grav, ki endike fason ou vle pran desizyon medikal. De fòmilè yo pou yon Direktiv Alavans se:

- Yon Testaman Byolojik
- Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante

Yon Direktiv Alavans pèmèt ou endike chwa ou genyen konsènan swen sante oswa pèmèt ou nonmen yon moun pou fè chwa sa yo pou ou, sizoka ou vin pa kapab pran desizyon sou tretman medikal ou. Yon Direktiv Alavans ka pèmèt ou pran desizyon sou tretman medikal ou pi devan.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Kisa yon Testaman Byolojik ye?

Yon Testaman Byolojik endike anjeneral ki kalite swen medikal ou vle oswa ou pa vle sizoka ou vin pa kapab pran pwòp desizyon ou. Yo rele l yon Testaman Byolojik paske li antre anvigè pandan ou vivan toujou. Lwa Florid la bay yon fòmilè yo sigjere pou yon Testaman Byolojik. Ou gendwa itilize li oswa kèk lòt fòm. Ou ta dwe pale avèk yon avoka oswa doktè ou pou ou sèten ou te ranpli Testaman Byolojik la nan yon fason pou yo konprann dezi ou yo.

Kisa yon Deziyasyon Ranplasan Pou Swen Sante ye?

Yon Deziyasyon Ranplasan Pou Swen Sante se yon papye ki siyen, ki gen dat epi avèk temwen, ki nonmen yon lòt moun tankou yon mari, madanm, pitit fi, pitit gason oswa zanmi pwòch kòm ajan ou pou pran desizyon medikal pou ou, sizoka ou ta vin pa kapab pran yo pou tèt ou.

Ou ka mete ladan l enstriksyon pou nenpòt tretman ou vle pran oswa ou pa vle pran. Lwa Florid al bay yon fòmilè yo sigjere pou ranpli yon Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante. Ou gendwa itilize li oswa kèk lòt fòm. Ou ta dwe nonmen yon dezyèm moun pou ranplase ou, si premye chwa ou an pa disponib.

Kisa ki pi bon?

Ou ta dwe gen toude, ni yon Testaman Byolojik ni yon Deziyasyon Ranplasan Pou Swen Sante, oswa mete yo ansanm nan yon sèl dokiman ki dekri chwa tretman ou nan divès kalite sitiyasyon, epi nonmen yon moun ki pou pran desizyon pou ou sizoka ou pa kapab pran desizyon yo pou tèt ou.

Èske mwen oblije ekri yon Direktiv Alavans dapre Lwa Florid?

Non, pa gen okenn egzijans legal pou ou ranpli yon Direktiv Alavans. Sepandan, si ou pa ranpli yon Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante oswa Testaman Byolojik pou fè yon Direktiv Alavans, yo gendwa pran desizyon sou swen sante pou ou. Yon gadyen tribinal nonmen, konjwen ou, pitit ou ki granmoun, paran ou, frè ak sè ou ki granmoun, yon fanmi ki granmoun, oswa yon zanmi pwòch gendwa pran desizyon sa yo, nan lòd sa. Yo ta rele moun sa a yon mandatè.

Èske m ka chanje lide apre m fin ekri yon Testaman Byolojik oswa m fin deziyen yon Ranplasan Pou Swen Sante?

Wi, ou gendwa chanje oswa anile dokiman sa yo nenpòt lè. Nenpòt chanjman dwe fèt alekri, siyen epi gen dat sou li.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Kisa m dwe fè avèk Direktiv Alavans mwen an si m chwazi pou m gen youn?

Asire ou yon moun tankou doktè jeneral ou, avoka oswa manm fanmi ou konnen ou gen yon Direktiv Alavans ak kibò li ye. Konsidere posiblite yo ki site anba a:

- Si ou te deziyen yon Ranplasan Pou Swen Sante, bay moun sa yon kopi orijinal la
- Bay doktè ou yon kopi Direktiv Alavans ou an pou dosye medikal ou
- Kenbe yon kopi Direktiv Alavans ou an nan yon kote ou ka jwenn li fasilman
- Kenbe yon kat oswa yon nòt nan valiz ou oswa nan bous ou ki endike ou gen yon Direktiv Davans epi kibò li ye
- Bay UnitedHealthcare Health and Home Connection yon kopi Direktiv Alavans ou an
- Ou gen dwa pou w pote yon plent nan Depatman Dosye Granmoun Aje (Department of Elder Affairs, DOEA) si yo pa respekte Direktiv Alavans yo

Si ou chanje Direktiv Alavans ou an, asire ou doktè ou, avoka ak/oswa manm fanmi ou ak UnitedHealthcare Health and Home Connection gen kopi ki pi resan an.

Tanpri note sa: Ou gen dwa pou w chwazi yon nouvo founisè swen sante nan sitiyasyon kote yon founisè swen sante pa ka respekte volonte pasyan li yo nan Direktiv Alavans lan akòz objeksyon konsyans. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande moun ki responsab swen w yo oswa kontakte Depatman Sèvis Kliyan an.

Lwa Eta Florid mande pou yo kominike w tout chanjman nan Lwa sou Direktiv Alavans yo byen vit dèke sa posib, men pa pita pase katreven dis (90) jou apre dat antre anvigè chanjman an.

Si w kwè founisè ou an pa respekte lwa ak règleman sou Direktiv Alavans yo, ou gendwa rele Liy Asistans pou Plent Konsomatè a san frè nan 1-888-419-3456 pou ou depoze yon plent.

Seksyon 12: Enfòmasyon itil sou avantaj ou yo

Kòman mwen ka fè yon Direktiv Alavans?

Ou ka pale avèk doktè swen jeneral ou, yon avoka oswa ale sou <http://flsenate.gov/Statutes>.

Pou jwenn plis enfòmasyon

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kreye yon Direktiv Alavans, kontakte youn nan ajans sa yo:

Choice in Dying
200 Varick Street
New York, NY 10014
1-800-989-9455

State Ombudsman Office
6600 SW 57th Avenue
Miami, FL 33143
1-888-831-0404

American Association of Retired Persons (AARP) – Pou kòmande nimewo piblik D155294 ak D15529, ekri nan:

AARP Fulfillment
606 E Street NW
Washington, D.C. 20049
1-888-687-2277

Si w nan pwogram LTC a, nou ofri pwogram tou pou pwoblèm Demans ak Alzheimer.

Pwogram pou amelyorasyon kalite

Nou vle ou jwenn bon jan kalite swen sante. Nou ofri lòt pwogram ki ede amelyore swen ou resevwa yo. Pwogram yo se:

- Sekirite Kay ak Prevansyon Tonbe
- Enfòmasyon sou Direktiv Alavans
- Èd pou Prevansyon Vyolans Domestik

Tanpri rele Sèvis Kliyan pou verifye sèvis ki kouvri yo. Sèvis ki konsidere kòm eksperimental ak kosmetik yo pa kouvri. Pou yon sèvis konsèy oswa referans plan sante a pa kouvri akòz objeksyon moral oswa relijye, plan sante a pa bezwen bay enfòmasyon sou fason ak kibò pou jwenn sèvis la. Ou gen dwa tou pou fè nou konnen chanjman ou panse nou ta dwe fè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram amelyorasyon kalite nou an oswa pou ban nou lide ou genyen, rele nan **1-888-716-8787**, TTY **711**; Sèvis Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**; oswa ale sou Entènèt sou myuhc.com/CommunityPlan.

48 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 13:

Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Tablo ki anba a bay yon lis sèvis medikal Plan nou an kouvri. Sonje byen, ou gendwa bezwen yon referans nan men PCP ou oswa apwobasyon nou anvan ou ale nan yon randevou oswa itilize yon sèvis. Sèvis yo dwe nesèsè pou rezon medikal pou nou peye pou yo.⁶

Ka gen kèk sèvis nou pa kouvri men Medicaid ta ka kouvri yo. Gen kèk sèvis Eta ou detèmine ki apwopriye pou rezon medikal epi yo ka bay yo nan plas yon sèvis oswa yon etablisman ki kouvri nan kad plan Eta a. Yo rele sa yo “Alaplas sèvis (In Lieu of Services, ILOS).” Pou jwenn enfòmasyon sou avantaj sa yo, rele Liy Èd Ajans Medicaid la nan 1-877-254-1055. Si w bezwen yon woulib pou ale nan nenpòt nan sèvis sa yo, nou ka ede w. Ou ka rele MTM Health 1-888-777-6528 pou pran yon woulib. Gade nan paj 114 pou enfòmasyon sou aplikasyon MTM Link

Si gen chanjman nan sèvis ki kouvri yo oswa lòt chanjman ki pral afekte w, n ap enfòme ou alekri omwen 30 jou anvan dat chanjman an dewoule.

Si w gen kesyon sou nenpòt nan sèvis medikal ki kouvri yo, tanpri rele Sèvis pou Manm yo.

* Endike Alaplas Sèvis Sante Konpòtmantal

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
*Sèvis Etablisman Akèy Pou Depandans	Sèvis yo itilize pou ede moun ki gen difikilte ak dependans dwòg oswa alkòl.	Si sa nesèsè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Wi

⁶ Ou ka jwenn definisyon Nesèsite Medikal la sou http://ahca.myflorida.com/medicaid/review/General/59G_1010_Definitions.pdf.

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis pou Alèji	Sèvis pou trete pwoblèm sante tankou etènne oswa gratèl ki pa akòz yon maladi.	Nou kouvri tès san oswa tès alèji sou po ki nesesè pou rezon medikal ak jiska 156 dòz piki pou alèji chak ane.	Non
Sèvis Transpò Anbilans	Sèvis anbilans yo se pou lè w bezwen swen ijans pandan y ap transpòte ou nan lopital oswa soutyen espesyal lè y ap transpòte w ant etablisman yo.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non
*Sèvis Dezentoksikasyon Anbilatwa	Sèvis yo bay moun ki nan sevraj pou sòti nan dwòg oswa alkòl.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Wi
Sèvis Sant Chiriji Anbilatwa	Operasyon ak lòt pwosedi ki fèt nan yon etablisman ki pa lopital (pasyan ki pa entène).	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Anestezi	Sèvis pou anpeche ou santi doule pandan operasyon oswa lòt pwosedi medikal.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis Swen Asistans	Sèvis yo bay granmoun (laj 18 lane oswa plis) ede pou aktivite lavi toulejou ak pou pran medikaman.	Nou kouvri 365/366 jou sèvis chak ane, jan sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Analiz Konpòtman (Behavior Analysis, BA)	Entèvansyon, estrateji, ak apwòch estriktire ki bay pou diminye konpòtman ki pa adapte epi ogmante oswa ranfòse konpòtman ki apwopriye yo.	Nou kouvri benefisyè ki gen mwens pase 21 lane ki bezwen sèvis ki nesèsè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis Evalyasyon Sante Konpòtmantal	Sèvis yo itilize pou detekte oswa pou fè dyagnostik maladi mantal ak twoub sante konpòtmantal.	Nou kouvri, jan sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon premye evalyasyon chak ane • Yon re-evalyasyon chak ane • Jiska 150 minit evalyasyon kout eta sante konpòtmantal (pa plis pase 30 minit nan yon sèl jou) Gade nan seksyon Avantaj Elaji yo ki anba a pou jwenn enfòmasyon anplis.	Non
Sèvis Sipèpozisyon Sante Konpòtmantal	Sèvis sante konpòtmantal yo bay timoun (ki gen laj 0–18 lane) ki enskri nan yon pwogram DCF.	Nou kouvri 365/366 jou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal chak ane, tankou terapi, sèvis soutyen ak planifikasyon swen swivi.	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
*Sèvis Telesante Sante Konpòtman	Sèvis pou pasyan ki gen pwoblèm sante mantal ak twoub itilizasyon sibstans ki pa entène yo bay atravè vizit sou videyo nan tan reyèl.	Manm ki gen dyagnostik pwoblèm sante mantal prensipal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans epi ki satisfè kondisyon pou nivo swen sa a.	Wi
Sèvis Kadyovaskilè yo	Sèvis ki trete sistèm kè ak sistèm sikilasyon (veso sangen).	Nou kouvri sa ki annapre yo jan doktè w preskri yo, lè sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Tès kadyak • Pwosedi chirijikal kadyak • Aparèy kadyak 	Wi
Jesyon Ka Sible Sèvis Sante Timoun	Sèvis yo bay timoun (ki gen laj 0-3 lane) pou ede yo jwenn swen sante ak lòt sèvis. Oswa Sèvis yo bay timoun (ki gen laj 0-20 lane) ki itilize sèvis fanmi plasman medikal.	Timoun ou an dwe enskri nan pwogram DOH Early Steps. Oswa Timoun ou an dwe resevwa sèvis fanmi plasman medikal.	Non
Sèvis Kiwopratik	Dyagnostik ak tretman manipilatif nan move aliyman nan jwenti yo, espesyalman kolòn vètebral la, ki ka lakòz lòt maladi lè yo afekte nè yo, misk yo, ak ògàn yo.	Nou kouvri, jan sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • 24 vizit pasyan chak ane, pou chak manm • Radyografi 	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Klinik	Sèvis swen sante yo bay nan yon departman sante konte, yon sant sante kalifye nan nivo federal, oswa yon klinik sante riral.	Vizit nan yon sant sante kalifye nan nivo federal oswa yon vizit nan klinik sante riral, ki nesèsè pou rezon medikal.	Non
*Sèvis Kominotè Wrap Around	Yon nivo entansif sèvis kominotè ke yon ekip sante mantal bay pou ede manm yo epi evite yon tretman rezidansyèl.	Kouvèti pou laj 0 jiska 21 lane selon nesèsite medikal.	Wi
*Sèvis Inite Estabilizasyon Kriz	Sèvis sante mantal ijans ki fèt nan yon etablisman ki pa yon lopital regilye.	Si sa nesèsè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Non
Sèvis Dyaliz yo	Swen medikal, tès, ak lòt tretman pou ren yo. Sèvis sa a gen ladan l tou founiti pou dyaliz, ak lòt founiti ki ede trete ren yo.	Nou kouvri sa ki anapre yo jan doktè k ap trete ou an preskri yo, lè sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Tretman pou emodyaliz • Tretman dyaliz peritoneyal 	Non
*Sèvis Sant Dakèy	Sèvis yo bay nan yon sant ki ede moun ki sanzabri jwenn tretman oswa lojman.	Si sa nesèsè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis ekipman medikal dirab ak founiti medikal	Ekipman medikal yo itilize pou jere ak trete yon pwoblèm medikal, maladi, oswa blesi. Yo itilize ekipman medikal dirab ankò a plizyè repriz, epi li gen ladan l bagay tankou chèz woulant, aparèy òtopedik, bekiy ak lòt atik. Founiti medikal yo se atik ki fèt pou itilize yon sèl fwa epi apre sa jete yo.	Si sa nesesè pou rezon medikal, kèk sèvis ak limit laj aplike. Rele Sèvis pou Manm yo nan 1-888-716-8787 pou jwenn plis enfòmasyon.	Otorizasyon alavans obligatwa sèlman nan anviwònman pasyan ki pa entène, ki gen ladan l lakay pasyan an epi li dwe plis pase \$500.
Sèvis Entèkansyon Prekòs	Sèvis pou timoun ki gen laj 0-3 lane ki gen reta nan devlopman ak lòt pwoblèm.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon premye evalyasyon pou dire lavi, ki fèt pa yon ekip • Jiska 3 depistaj chak ane • Jiska 3 evalyasyon swivi chak ane • Jiska 2 sesyon fòmasyon oswa soutyen chak semèn 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Transpò pou Ijans	Transpò ki fèt nan anbilans oswa anbilans ayeryen (elikoptè oswa avyon) pou mennen w nan yon lopital akòz yon ijans.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Evalyasyon ak Jesyon	Sèvis pou vizit kay doktè pou rete an bon sante epi anpeche oswa trete maladi.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon depistaj sante pou granmoun (bilan) chak ane • Yo bay vizit timoun an bon sante yo selon laj ak bezwen devlopman yo • Yon vizit chak mwa pou moun k ap viv nan etablisman swen enfimye • Jiska de vizit nan kabinè chak mwa pou granmoun pou trete maladi oswa pwoblèm medikal 	Non
Sèvis Terapi Familyal	Sèvis pou fanmi yo gen sesyon terapi avèk yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 26 èdtan chak ane 	Non
*Fòmasyon Fanmi pou Devlopman Timoun	Sèvis pou fanmi timoun ki gen pwoblèm konpòtman pou ede ankouraje devlopman ak edikasyon timoun nan.	Lwaye pou laj 0 pou jiska 21 ane selon bezwen medikal.	Non
*Pwogram Premye Epizòd Sikoz	Sèvis entèvansyon bonè pou manm ki gen premye epizòd sikoz.	Kouvèti asirans pou tout laj selon nesesite medikal.	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
*Terapi Fanmi fonksyonèl	Yon modèl terapi sou peryòd kout epi ki entansif, ki ofri konsèy pou fanmi lakay yo pou rezoud pwoblèm move konpòtman jèn yo ak zak delenkans, avèk yon apwòch ki baze sou fanmi an.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis gastwo-entestinal	Sèvis pou trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan lestomak oswa sistèm dijestion.	Nou kouvri: <ul style="list-style-type: none"> • Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal 	Wi
Sèvis jenito-irinè	Sèvis pou trete kondisyon, pwoblèm medikal oswa maladi nan ògàn jenital oswa sistèm irinè.	Nou kouvri: <ul style="list-style-type: none"> • Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Terapi Gwoup yo	Sèvis pou yon gwoup moun fè sesyon terapi avèk yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 39 èdtan chak ane Gade nan seksyon Avantaj Elaji yo ki anba a pou jwenn enfòmasyon anplis.	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis pou Odisyon	Tès odisyon, tretman ak founiti ki ede fè dyagnostik oswa trete pwoblèm nan odyans ou. Sa gen ladan l aparèy pou tande ak reparasyon.	Nou kouvri tès odisyon yo ak sa ki annapre yo jan doktè w preskri yo, lè sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Enplan kokleyè yo • Yon nouvo aparèy pou tande pou chak zòrèy, yon fwa chak 3 zan • Reparasyon yo 	Wi
Sèvis sante adomisil	Sèvis swen enfimye ak asistans medikal yo bay lakay ou pou ede w jere oswa reprann ou sot yon pwoblèm medikal, maladi oswa blesi.	Nou kouvri, lè yo nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 4 vizit chak jou pou benefisyè ansent ak moun ki gen laj 0-20 lane • Jiska 3 vizit chak jou pou tout lòt benefisyè yo 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Swen Ospis:	Swen medikal, tretman, ak sèvis soutyen emosyonèl pou moun ki gen maladi ki nan dènye estad oswa ki nan fen lavi yo pou ede kenbe yo konfòtab ak san doulè. Sèvis soutyen yo disponib tou pou manm fanmi yo oswa responsab swen yo.	Kouvri si sa nesèsè pou rezon medikal. Kopeman: Gade enfòmasyon sou Responsablite Pasyan an pou jwenn enfòmasyon sou kopeman; ou ka gen Responsablite Pasyan pou sèvis ospis kit w ap viv lakay ou, nan yon etablisman, oswa nan yon etablisman swen enfimye.	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Terapi Endividyèl	Sèvis pou moun fè sesyon terapi endividyèl avèk yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 26 èdtan chak ane Gade nan seksyon Avantaj Elaji yo ki anba a pou jwenn enfòmasyon anplis.	Non
Sèvis lopital pou pasyan ki entène	Swen medikal ou jwenn pandan w nan lopital la. Sa ka gen ladan l nenpòt tès, medikaman, terapi ak tretman, vizit kay doktè ak ekipman yo itilize pou trete w.	Nou kouvri sèvis lopital pou pasyan ki entène ki annapre yo selon laj ak sitiyasyon, lè sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 365/366 jou pou benefisyè ki gen laj 0-20 lane • Jiska 45 jou pou tout lòt benefisyè yo (jou siplemantè yo kouvri pou ijans) 	Admisyon yo egzije otorizasyon alavans.
Sèvis Tegimantè	Sèvis pou fè dyagnostik oswa pou trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan po.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
*Pwogram Entansif pou Pasyan ki pa Entène pou Sante Mantal ak SUD	Tretman entansif pou pasyan ki pa entène yo bay manm k ap travay pou yo retabli anba maladi sante mantal.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis laboratwa	Sèvis ki teste san, pipi, saliv oswa lòt bagay ki soti nan kò a pou pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Fanmi Plasman Medikal	Sèvis ki ede timoun ki gen pwoblèm sante k ap viv nan fanmi plasman.	Dwe sou lagad Depatman Timoun ak Fanmi.	Non
Sèvis Tretman avèk Èd Medikaman	Sèvis yo itilize pou ede moun ki gen difikilte ak depandans ak dwòg.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis Jesyon Medikaman	Sèvis pou ede moun konprann epi fè pi bon chwa pou pran medikaman.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non
*Sèvis Pwogram Ospitalizasyon Pasyèl pou Sante Mantal	Tretman an gwoup ak endividyèl yo bay 4-6 èdtan pa jou epi jiska 5 fwa pa semèn pou manm k ap travay pou yo retabli anba maladi sante mantal.	Kouvèti asirans pou tout laj selon nesesite medikal.	Wi
Jesyon Ka Sible pou Sante Mantal	Sèvis pou ede jwenn swen sante medikal ak sante konpòtmantal pou moun ki gen maladi mantal.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
*Sèvis Mobil Evalyasyon ak Entèkansyon nan Sitiyasyon Kriz	Yon ekip pwofesyonèl swen sante ki bay sèvis sante mantal ijans, anjeneral nan kay moun yo.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
*Terapi Plizyè Sistèm	Yon sèvis entansif ki fèt lakay ak nan kominote a pou ede jèn ki sou risk pou yo plase yo deyò lakay yo.	Kouvèti asirans pou manm laj 11 jiska 17 lane.	Wi
Sèvis Newoloji	Sèvis pou fè dyagnostik oswa trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan sèvo, mwèl epinyè oswa sistèm nève.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Transpò Ki Pa Ijans	Transpò ale retou nan tout randevou medikal ou yo. Sa ta ka nan otobis, yon kamyon ki ka transpòte moun ki andikape, yon taksi, oswa lòt kalite machin.	Nou kouvri sèvis ki annapre yo pou benefisyè ki pa gen transpò: <ul style="list-style-type: none"> • Vwayaj andeyò Eta a • Transfè ant lopital oswa etablisman yo • Eskòt lè sa nesesè pou rezon medikal 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis etablisman swen enfimye	Swen medikal oswa swen enfimye ou jwenn pandan w ap viv a tan plen nan yon etablisman swen enfimye. Se kapab yon sejou pou reyadaptasyon sou peryòd ki kout oswa sou peryòd ki long.	Nou kouvri 365/366 jou sèvis nan etablisman swen enfimye jan sa nesèsè pou rezon medikal. Kopeman: Gade enfòmasyon sou Responsablite Pasyan pou jwenn enfòmasyon sou kopeman chanm ak pansyon.	Admisyon yo egzije otorizasyon alavans.
Sèvis Ègoterapi	Ègoterapi gen ladan l tretman ki ede w fè bagay nan lavi toulejou ou, tankou ekri, nouri tèt ou, ak itilize atik nan kay la.	Nou kouvri pou timoun ki gen laj 0–20 lane ak pou granmoun pi ba pase limit maksimòm \$1,500 pou pasyan ki pa entène yo, si sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon premye evalyasyon chak ane • Jiska 210 minit tretman chak semèn • Yon premye evalyasyon chèz woulant pou chak 5 ane Nou kouvri pou moun tout laj, si sa nesèsè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Evalyasyon swivi chèz woulant, youn nan livrezon ak youn 6 mwa pita 	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Chiriji Oral	Sèvis ki bay ekstraksyon dan (rache dan) ak trete lòt pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan bouch ak kavite oral.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Òtopedik	Sèvis pou fè dyagnostik oswa trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan zo oswa jwenti yo.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène	Swen medikal ou jwenn pandan w nan lopital la men ou pa rete pase nwit lan. Sa ka gen ladan l nenpòt tès, medikaman, terapi ak tretman, vizit kay doktè ak ekipman yo itilize pou trete w.	Sèvis ijans yo kouvri si yo nesesè pou rezon medikal. Sèvis ki pa ijans pa kapab koute plis pase \$1,500 chak ane pou benefisyè 21 lane oswa plis.	Wi
Sèvis pou Jesyon Doulè	Tretman pou doulè ki dire lontan ki pa amelyore apre yo fin bay lòt sèvis.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal. Gen kèk limit sèvis ki gendwa aplike.	Wi
*Ospitalizasyon pasyèl nan yon Lopital	Tretman an gwoup ak endividyèl yo bay 4-6 èdtan pa jou epi jiska 5 fwa pa semèn pou manm k ap travay pou yo retabli anba maladi sante mantal.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Fizyoterapi	Fizyoterapi gen ladan l egzèsis, detire ak lòt tretman pou ede kò ou vin pi fò epi santi w pi byen apre yon blesi, maladi oswa akòz yon pwoblèm medikal.	<p>Nou kouvri pou timoun ki gen laj 0-20 lane ak pou granmoun pi ba pase limit maksimòn \$1,500 pou pasyan ki pa entène yo, si sa nesèsè pou rezon medikal:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon premye evalyasyon chak ane • Jiska 210 minit tretman chak semèn • Yon premye evalyasyon chèz woulant pou chak 5 ane <p>Nou kouvri pou moun tout laj, si sa nesèsè pou rezon medikal:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Evalyasyon swivi chèz woulant, youn nan livrezon ak youn 6 mwa pita 	Wi
Sèvis Podyatri	Swen medikal ak lòt tretman pou pye yo.	<p>Nou kouvri, jan sa nesèsè pou rezon medikal:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 24 vizit nan kabinè chak ane • Swen pou pye ak zong • Radyografi ak lòt imaj pou pye, cheviy ak pati anba janm yo • Operasyon nan pye, cheviy oswa pati anba janm 	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Medikaman yo Preskri	Sèvis sa a se pou medikaman yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante preskri ou.	Nou kouvri, jan sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon pwovizyon medikaman pou jiska 34 jou, pou chak preskripsyon • Renouvèlman yo, jan yo preskri yo 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Swen Enfimye Prive	Sèvis swen enfimye yo bay nan kay pou moun ki gen laj 0 a 20 lane ki bezwen swen konstan.	Nou kouvri, jan sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 24 èdtan chak jou 	Wi
*Sèvis Lopital Espesyalite Sikyatrik	Sèvis sante mantal ijans ki fèt nan yon etablisman ki pa yon lopital regilye.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Wi
Sèvis Tès Sikolojik	Tès yo itilize pou detekte oswa fè dyagnostik pwoblèm memwa, Kosyan Entèlektyèl oswa lòt domèn.	Nou kouvri, jan sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • 10 èdtan tès sikolojik chak ane <p>Gade nan seksyon Avantaj Elaji yo ki anba a pou jwenn enfòmasyon anplis.</p>	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
Sèvis Reyadaptasyon Sikososal	Sèvis pou ede moun reyentegre lavi toulejou. Yo gen ladan l èd pou aktivite debaz tankou kwit manje, jere lajan ak fè travay domestik la.	Nou kouvri, jan sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 480 èdtan chak ane 	Non

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Radyoloji ak Medsin Nikleyè	Sèvis ki gen ladan l imajri tankou radyografi, IRM oswa eskann CAT. Yo gen ladan l tou radyografi pòtab yo.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis Sant Swen Entansif Perinatal Rejyonal	Sèvis yo bay fanm ansent ak tibebe ki fenk fèt nan lopital ki gen sant swen espesyal pou jere maladi grav.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Admisyon yo egzije otorizasyon.
Sèvis Repwodiksyon	Sèvis pou fanm ki ansent oswa ki vle vin ansent. Yo gen ladan l tou sèvis planin familyal ki bay medikaman pou kontwòl nesans ak founiti pou ede w planifye gwosè fanmi ou.	Nou kouvri sèvis planin familyal ki nesesè pou rezon medikal. Ou ka jwenn sèvis ak founiti sa yo nan men nenpòt founisè Medicaid; yo pa oblije fè pati Plan nou an. Ou pa bezwen otorizasyon alavans pou sèvis sa yo. Sèvis yo a gratis. Sèvis sa yo volontè ak konfidansyèl, menm si w gen laj mwens pase 18 lane.	Non
Sèvis Respiratwa yo	Sèvis ki trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal oswa maladi nan poumon oswa sistèm respiratwa.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Tès respiratwa • Pwosedir chirijikal respiratwa • Jesyon aparèy respiratwa 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Terapi Respiratwa	Sèvis pou benefisyè ki gen laj 0-20 lane pou ede ou respire pi byen pandan y ap trete ou pou yon pwoblèm sante, pwoblèm oswa maladi respiratwa.	Nou kouvri si sa nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Yon premye evalyasyon chak ane • Yon re-evalyasyon terapi chak 6 mwa • Jiska 210 minit tretman terapi chak semèn (maksimòm 60 minit chak jou) 	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
* Sipò pwòp tèt ou/Sèvis kamarad	Sèvis pou ede moun ki nan retablisman apre yon depandans oswa yon maladi mantal.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou	Non
Sèvis Terapetik Espesyalize	Sèvis yo bay timoun ki gen laj 0-20 lane ki gen maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans.	Nou kouvri nesesite medikal ki annapre yo: <ul style="list-style-type: none"> • Evalyasyon yo • Sèvis fanmi plasman • Sèvis fwaye an gwoup 	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Patoloji Lapawòl-Langaj	Sèvis ki gen ladan l tès ak tretman pou ede w pale oswa vale pi byen.	<p>Nou kouvri sèvis ki annapre yo ki nesesè pou rezon medikal pou timoun ki gen laj 0-20 lane:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Aparèy ak sèvis pou kominikasyon • Jiska 210 minit tretman chak semèn • Yon premye evalyasyon chak ane <p>Nou kouvri sèvis ki annapre yo ki nesesè pou rezon medikal pou granmoun:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon evalyasyon kominikasyon chak 5 ane 	Wi
Sèvis Pwogram Sikyatrik pou Pasyan Entènè nan tout Eta	Sèvis pou timoun ki gen maladi mantal grav ki bezwen tretman nan lopital.	Kouvri jan sa nesesè pou rezon medikal pou timoun ki gen laj 0-20 lane.	Wi
*Sèvis Pwogram Entansif pou Abi Sibstans pou Pasyan ki pa Entènè	Tretman ki bay pandan plis pase 3 èdtan chak jou, plizyè jou chak semèn, pou moun k ap retabli anba nan twoub konsomasyon sibstans.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.
*Sèvis Tretman Rezidansyèl Dire Kout pou Abi Sibstans	Tretman pou moun k ap retabli anba twoub konsomasyon sibstans.	Si sa nesesè pou rezon medikal ak dapre rekòmandasyon nou.	Otorizasyon alavans gendwa obligatwa.

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 67 oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
*Sèvis pou ede moun ki gen SMI and SUD kenbe lojman yo epi evite yo vin sanzabri	Sèvis pou ede manm k ap retabli anba maladi mantal ak twoub konsomasyon sibstans yo bay manm ki gen pwoblèm sante ki gen pou wè ak itilizasyon sibstans ak/oswa pwoblèm sante mantal pou ba yo sipò pou ogmante kapasite manm yo pou yo ka rete lakay yo.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis Konpòtmantal Terapetik Sou Plas	Sèvis yon ekip ofri pou anpeche yo mete nan yon lopital oswa yon lòt etablisman timoun ki gen laj 0-20 lane ki gen maladi mantal oswa pwoblèm sante konpòtmantal.	Nou kouvri sèvis ki nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 9 èdtan chak mwa Gade nan seksyon Avantaj Elaji yo ki anba a pou jwenn enfòmasyon anplis.	Non
Sèvis Transplantasyon	Sèvis ki gen ladan l tout operasyon ak swen avan ak apre operasyon.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Wi

Seksyon 13: Avantaj plan ou yo – Sèvis Asistans Medikal Jere

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon davans
Sèvis Èd Vizyèl	Èd vizyèl yo se bagay tankou linèt, vè kontak ak pwotèz zye (fo zye).	Nou kouvri sèvis ki annapre yo ki nesesè pou rezon medikal lè doktè w preskri yo: <ul style="list-style-type: none"> • 2 linèt pou timoun ki gen laj 0-20 lane • 1 monti chak 2 zan ak 2 lantiy chak 365 jou pou granmoun ki gen laj 21 lane oswa plis • Vè kontak • Zye pwostetik 	Non
Sèvis Swen pou Vizyon	Sèvis ki teste ak trete pwoblèm sante, pwoblèm medikal ak maladi nan zye yo.	Kouvri si sa nesesè pou rezon medikal.	Non

Avantaj plan ou yo: Chemen pou pwosperite

Plan an ap evalye manm ki ka rankontre baryè nan travay, nan oto-sifizans ekonomik, ak pou gen endepandans, epi pou yo jwenn aksè ak sèvis kowòdinasyon swen/jesyon ka ak bezwen sosyal anrapò ak sante, tankou asistans pou lojman, dirabilite manje, fòmasyon pwofesyonèl, ak sèvis soutyen pou edikasyon.

Seksyon 14:

Enfòmasyon itil pwogram Swen sou Peryòd ki Long (LTC)

(Tanpri li seksyon sa a si w nan pwogram LTC a.
Si w pa nan pwogram LTC a, ale nan Seksyon 16)

Kòmansman sèvis yo

Li enpòtan pou nou aprann konnen ou pou nou ka asire ou jwenn swen ou bezwen yo. Jesyonè dosye ou an pral fikse yon lè pou l vin lakay ou oswa nan etablisman swen enfimye ou pou l rankontre ou.

Nan premye vizit sa a, jesyonè dosye ou an ap ba ou enfòmasyon sou pwogram LTC a ak Plan nou an. Li pral poze w kesyon tou sou:

- Sante w,
- Fason ou pran swen tèt ou,
- Kòman ou pase tan ou,
- Kiyès ki ede pran swen ou, ak
- Lòt bagay.

Kesyon sa yo reprezante **premye evalyasyon** ou. Premye evalyasyon an ede nou aprann kisa ou bezwen pou ou viv san danje lakay ou. Li ede nou deside tou ki sèvis ki pral ede w pi plis.

Devlopman yon plan swen

Anvan ou ka kòmanse resevwa sèvis nan pwogram LTC a, ou dwe gen yon **plan swen ki santre sou moun lan (plan swen)**. Jesyonè dosye ou an fè plan swen ou avèk ou. Plan swen ou an se dokiman pale ou de tout sèvis ou jwenn nan pwogram LTC nou an. Jesyonè dosye ou an pral pale avèk ou menm ak nenpòt manm fanmi oswa responsab swen ou vle mete pou deside ki sèvis LTC ki pral ede ou. Yo pral itilize premye evalyasyon an ak lòt enfòmasyon pou fè yon plan pou ou espesyalman. Plan swen ou an ap endike w:

- Ki sèvis w ap jwenn
- Kiyès ki bay sèvis ou an (founisè sèvis ou yo)
- Chak kilè ou jwenn yon sèvis
- Kilè yon sèvis kòmanse ak kilè li fini (si li gen yon dat finisman)
- Kisa sèvis ou yo ap eseye ede ou fè. Pa egzanp: si w bezwen èd pou w fè ti menaj nan kay ou, plan swen ou an ap di w yon founisè swen konpanyon pou granmoun vini 2 jou chak semèn pou ede w fè ti menaj nan kay ou.
- Kijan sèvis LTC ou yo fonksyone avèk lòt sèvis ou jwenn andeyò Plan nou an, tankou nan Medicare, legliz ou oswa nan lòt pwogram federal yo
- **Objektif pèsònèl** ou yo

Nou pa vle jis asire ou viv an sekirite. Nou vle asire tou ou kontan epi ou santi ou konekte avèk kominote w ak lòt moun. Lè jesyonè dosye ou an ap fè plan swen ou an, li pral poze w kesyon sou nenpòt **objektif pèsònèl** ou ta gendwa genyen. Sa yo ka nenpòt bagay, reyèlman, men nou vle asire sèvis LTC ou yo ede w reyalize objektif ou yo. Kèk egzanp objektif pèsònèl yo gen ladan:

- Mache pandan 10 minit chak jou
- Rele yon moun pwòch yon fwa chak semèn
- Ale nan sant pou moun aje yon fwa chak semèn
- Deplase sot nan yon etablisman swen enfimye pou ale nan yon etablisman rezidans asiste

Ou menm oswa **reprizantan otorize** w la (yon moun ou fè konfyans ki gen dwa pale avèk nou sou swen ou yo) dwe siyen plan swen ou an. Men kijan ou montre ou dakò ak **sèvis yo ki nan plan swen w lan**.

Jesyonè dosye ou an ap voye ba PCP ou an yon kopi plan swen ou an. Yo pral pataje li tou avèk lòt founisè swen sante w yo.

Mizajou nan plan swen ou

Chak mwa, jesyonè dosye ou an ap rele w pou w wè kijan sèvis ou yo ap mache ak kòman w ye. Si genyen nenpòt chanjman ki fèt, li pral fè mizajou nan plan swen ou an epi li pral ba w yon nouvo kopi.

Jesyonè dosye ou an ap vin wè w an pèsòn pou l repase plan swen ou an chak 90 jou (oswa apeprè 3 mwa). Sa se yon bon moman pou pale avèk li sou sèvis ou yo, kisa ki mache kisa ki pa mache pou ou, ak kijan objektif ou yo prale. Li pral fè mizajou plan swen ou avèk nenpòt chanjman. Chak fwa plan swen ou an chanje, ou menm oswa reprezantan otorize ou dwe siyen li.

Sonje byen, ou ka rele jesyonè dosye ou an nenpòt lè pou pale osijè pwoblèm ou genyen, chanjman nan lavi w oswa lòt bagay. Jesyonè dosye ou an oswa yon reprezantan plan sante a disponib pou ou lè ou bezwen yo.

Plan sekou ou

Jesyonè dosye ou an ap ede w fè yon **plan bakòp**. Yon plan sekou endike ou kisa pou w fè si yon founisè sèvis pa prezante pou bay yon sèvis. Pa egzanp: èd sante adomisil ou an pa te vin ba w yon beny.

Sonje, si w gen nenpòt pwoblèm pou jwenn sèvis ou yo, rele jesyonè dosye ou an.

Seksyon 15:

Avantaj plan ou yo – Sèvis LTC yo

Tablo ki anba a bay yon lis sèvis Swen sou Peryòd ki Long Plan nou an kouvri. Sonje, sèvis yo dwe nesèsè pou rezon medikal pou nou peye pou yo.⁷

Si gen chanjman nan sèvis ki kouvri yo oswa lòt chanjman ki pral afekte w, n ap enfòme ou alekri omwen 30 jou anvan dat antre anvigè chanjman an.

Si w gen nenpòt kesyon sou nenpòt nan sèvis swen sou Peryòd ki Long ki kouvri yo, tanpri rele jesyonè dosye w la oswa Sèvis pou Manm yo.

Sèvis	Deskripsyon	Otorizasyon Davans
Swen konpanyon Granmoun	Sèvis sa a ede prepare repa yo, fè lesiv ak fè ti menaj nan kay.	Wi
Swen Sante Lajounen pou Granmoun	Sipèvizyon, pwogram sosyal, ak aktivite yo bay nan yon sant gadri pou granmoun pandan lajounen. Si ou la pandan lè repa yo, ou kapab manje la.	Wi
Sèvis Swen Asistans	Sa yo se sèvis 24 sou 24 si w ap viv nan yon kay swen familyal pou granmoun.	Wi
Rezidans Asiste	Sa yo se sèvis yo bay anjeneral nan yon etablisman rezidans asiste. Sèvis yo ka gen ladan l antretyen kay, èd pou benyen, abiye, manje, èd pou medikaman, ak pwogram sosyal.	Wi

⁷ Ou ka jwenn yon kopi Politik Kouvèti Pwogram Swen sou Peryòd ki Long Swen Jere Medicaid nan Tout Eta a nan http://ahca.myflorida.com/medicaid/review/Specific/59G-4.192_LTC_Program_Policy.pdf.

Seksyon 15: Avantaj plan ou yo – Sèvis Swen sou Peryòd ki Long

Sèvis	Deskripsyon	Otorizasyon Davans
Asistan Swen Enfimye	Sèvis swen enfimye ak asistans medikal yo bay lakay ou pou ede w jere oswa reprann ou sot yon pwoblèm medikal, maladi oswa blesi.	Wi
Jesyon Konpòtmantal	Sèvis pou bezwen sante mantal oswa abi sibstans.	Wi
Fòmasyon Responsab swen	Fòmasyon ak konsèy pou moun ki ede pran swen ou.	Wi
Kowòdinasyon Swen/Jesyon Dosye	Sèvis ki ede w jwenn sèvis ak soutyen ou bezwen pou w viv ansekirite ak yon fason endepandan. Sa gen ladan l prezans yon jesyonè dosye epi fè yon plan swen ki bay lis tout sèvis ou bezwen ak resevwa yo.	Wi
Sèvis Aksesibilite/ Adaptasyon Kay	Sèvis sa a fè chanjman lakay ou pou ede w viv epi deplase lakay ou san danje epi pi fasilman. Li ka gen ladan l chanjman tankou enstale ba pou pran apui nan twalèt ou oswa yon chèz twalèt espesyal. Li pa gen ladan l gwo chanjman tankou nouvo kapèt, reparasyon twati kay, sistèm plonbri, elatriye.	Wi
Repa Livre Adomisil	Sèvis sa a livre repa ki bon pou sante adomisil.	Wi
Sèvis Èd Familyal	Sèvis sa a ede w pou aktivite jeneral nan fwaye a, tankou preparasyon repa ak travay woutin nan kay ou.	Wi

Seksyon 15: Avantaj plan ou yo – Sèvis Swen sou Peryòd ki Long

Sèvis	Deskripsyon	Otorizasyon Davans
Ospis	Swen medikal, tretman, ak sèvis soutyen emosyonèl pou moun ki gen maladi ki nan dènve estad oswa ki nan fen lavi yo pou ede kenbe yo konfòtab ak san doule. Sèvis soutyen yo disponib tou pou manm fanmi yo oswa responsab swen yo.	Wi
Swen enfimye tanzantan ak kalifye	Èd swen enfimye sipleman tè si ou pa bezwen sipèvizyon swen enfimye toutan oswa ou bezwen yo nan yon lè regilye.	Wi
Atik ak Founiti Medikal	Yo itilize ekipman medikal pou ede jere ak trete yon pwoblèm sante, maladi, oswa blesi. Yo itilize ekipman medikal ankò a plizyè repriz, epi li gen ladan l bagay tankou chèz woulant, aparèy òtopedik, deyanbilatè ak lòt atik. Yo itilize founiti medikal pou trete ak jere pwoblèm sante, maladi, oswa blesi. Founiti medikal yo gen ladan l bagay yo itilize epi apresa yo jete, tankou pansman, daypè, ak lòt atik.	Wi
Administrasyon Medikaman	Èd pou pran medikaman si ou pa ka pran medikaman ou menm.	Wi
Jesyon Medikaman	Yon egzamen tout medikamn preskripsyon ak medikaman san preskripsyon w ap pran.	Wi
Sèvis Evalyasyon Nitrisyonèl/ Rediksyon Risk	Edikasyon ak soutyen pou ou menm ak fanmi w oswa responsab swen w sou rejim alimantè ou ak manje ou dwe manje pou w rete ansante.	Wi
Sèvis etablisman swen enfimye	Sèvis nan etablisman swen enfimye yo gen ladan l sipèvizyon medikal, swen enfimye 24 sou 24, èd pou aktivite toulejou yo, fizyoterapi, ègoterapi, ak patoloji lapawòl-langaj.	Wi

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 75
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 15: Avantaj plan ou yo – Sèvis Swen sou Peryòd ki Long

Sèvis	Deskripsyon	Otorizasyon Davans
Swen Pèsonèl	Sa yo se sèvis adomisil pou ede ou pou: <ul style="list-style-type: none"> • Benyen • Abiye • Fason li manje • Ijyèn pèsonèl 	Wi
Sistèm Repons Ijans Pèsonèl (Personal Emergency Response System, PERS)	Yon aparèy elektwonik ou ka mete sou ou oswa kenbe toupre ou ki pèmèt ou rele pou èd ijans nenpòt lè.	Wi
Swen Repi	Sèvis sa a pèmèt responsab swen ou yo pran yon ti poz. Ou ka itilize sèvis sa a lakay ou, nan yon Etablisman Rezidans Asiste oswa yon Etablisman Swen Enfimye.	Wi
Ègoterapi	Ègoterapi gen ladan l tretman ki ede w fè bagay nan lavi toulejou ou, tankou ekri, nouri tèt ou, ak itilize atik nan kay la.	Wi
Fizyoterapi	Fizyoterapi gen ladan l egzèsis, detire ak lòt tretman pou ede kò ou vin pi fò epi santi w pi byen apre yon blesi, maladi oswa akòz yon pwoblèm medikal.	Wi
Terapi Respiratwa	Terapi respiratwa gen ladan l tretman ki ede w respire pi byen.	Wi
Òtofoni	Òtofoni gen ladan l tès ak tretman ki ede w pale oswa vale.	Wi

Seksyon 15: Avantaj plan ou yo – Sèvis Swen sou Peryòd ki Long

Sèvis	Deskripsyon	Otorizasyon Davans
*Swen Familyal Estriktire	Sèvis yo bay lakay ou pou ede w viv lakay ou olye pou w rete nan yon etablisman swen enfimye.	Nou gendwa ofri chwa pou itilize sèvis sa olye sèvis etablisman swen enfimye yo.
Transpò	Transpò ale retou nan tout sèvis pwogram LTC ou yo. Sa ta ka nan otobis, yon kamyon ki ka transpòte moun ki andikape, yon taksi, oswa lòt kalite machin.	Wi

Opsyon Direksyon Patisipan (PDO) Swen sou Peryòd ki Long

Yo gendwa ofri w Opsyon Direksyon Patisipan an (Participant Direction Option, PDO). Ou ka itilize PDO si w itilize nenpòt nan sèvis sa yo epi w ap viv lakay ou:

- Sèvis asistan pou swen
- Sèvis èd familyal
- Sèvis swen pèsònèl
- Sèvis swen konpanyon granmoun
- Sèvis swen enfimye tanzantan ak kalifye

PDO pèmèt ou **dirije** sèvis ou yo ou menm. Sa vle di ou ka chwazi founisè sèvis ou ak kijan ak kilè ou jwenn sèvis ou. Ou dwe anboche, fòme, ak sipèvize moun k ap travay pou ou yo (travayè sèvis dirèk ou yo).

Ou ka anboche manm fanmi, vwazen, oswa zanmi. Ou pral travay avèk yon jesyonè dosye ki ka ede w avèk PDO.

Si w enterese nan PDO, mande jesyonè dosye ou an plis detay. Epitou, ou ka mande yon kopi Direktiv PDO yo pou fè lekti yo epi ede w deside si opsyon sa a se bon chwa a pou ou.

* PDO se pa yon opsyon ki disponib pou patisipan pwogram Renonsyasyon Andikap Entelektyèl ak Devlopmanal.

Seksyon 16:

Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Avantaj elaji yo se machandiz oswa sèvis siplemantè nou ba ou gratis. Rele Sèvis pou Manm yo oswa responsab dosye w la pou mande enfòmasyon pou jwenn avantaj elaji.

Avantaj elaji yo: Swen medikal epi ki sou peryòd ki long			
Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Medikaman ak Founiti (Over-the-Counter, OTC) San Preskripsyon	Alokasyon pou achte pwodui OTC.	Plan Swen Kontwole a pral bay yon limit avantaj OTC chak mwa swasann-senk dola (\$65) pou chak fwaye.	Non
Sèvis Èd Vizyèl Granmoun	Vè kontak, monti, egzamen zye.	Vè kontak - apwovizyonman pou 6 mwa avèk preskripsyon; Monti, egzamen zye - 1 chak ane. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Swen Jeneral Siplemantè pou Granmoun	Vizit kay founisè swen jeneral.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Sèvis Prenatal	Ponp tete klas lopital; ponp tete; jesyon anvan akouchman; swen apre akouchman.	Maksimòm 1 chak ane (lokasyon, PA obligatwa); 1 pou chak 2 ane (lokasyon, pa gen okenn PA obligatwa); 14 vizit pou gwosès risk fèb epi 18 vizit pou gwosès gwo risk; 3 vizit nan lespas 90 jou apre akouchman, epi 1 vizit sante fanm ant 90 jou ak 12 mwa apre akouchman pou preparasyon pou tranzisyon pou retounen nan kay medikal swen jeneral la. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis ak Founiti (Durable Medical Equipment, DME) Ekipman Medikal Dirab	Tansyomèt otomatik.	Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Terapi Fizik pou Granmoun	Evalyasyon terapi fizik; reevalyasyon terapi fizik; vizit tretman terapi fizik; aplikasyon plat oswa strapin; evalyasyon ak ajisteman chèz woulant yon terapè fizik fè.	Yon evalyasyon chak ane; jiska 7 inite tretman terapi chak semèn. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Sikonsizyon tibebe ki fenk fèt	Sikonsizyon tibebe ki fenk fèt.	Youn pou dire lavi. Tibebe gason w lan kouvri jiska laj 28 jou.	Non
Sèvis Odisyon pou Granmoun	Tès odision, tretman ak founiti ki ede fè dyagnostik oswa trete pwoblèm nan odyans ou. Sa gen ladan l aparèy pou tande ak reparasyon.	Youn pou chak 2 zan. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi
Terapi Okipasyonèl pou Granmoun	Evalyasyon terapi okipasyonèl ak kompleksite nivo fèb jiska wo; reevalyasyon terapi okipasyonèl; vizit tretman terapi okipasyonèl; aplikasyon plat oswa estrapin; evalyasyon ak ajisteman chèz woulant yon terapet okipasyonèl fè.	Yon evalyasyon chak ane; jiska 7 inite tretman terapi chak semèn. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Avantaj elaji yo: Sante manman - Prenatal jiska apre akouchman			
Gwoup Sipò Vityèl Wellhop	Konvèsasyon videyo nan gwoup.	Konvèsasyon videyo nan gwoup avèk yon animatè fòme epi manm ki nan menm estad nan gwosès. Enfòmasyon ki baze sou prèv sou gwosès ak apre akouchman, atik pou edikasyon, videyo, pòdkas ak plis ankò. Pou manm ki gen laj 13 lane oswa plis.	Non
Pwogram Doula Sipò Kamarad	Sipò kamarad sètifye mam Sante Konpòtmantal (Behavioral Health, BH) ak Twoub Konsomasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD).	Aksè ak soutyen kamarad sètifye BH ak SUD ki se doula kamarad matènite fòme ak sètifye ki soutni kamarad yo ki ansent k ap viv avèk SUD ak SMI pandan tout pwosesis prenatal ak apre akouchman an pou amelyore sante ak byennèt. Pou manm ki gen laj 13 lane oswa plis.	Notifikasyon sèlman

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Pwogram Doula	Vizit adomisil pou siveyans ak evalyasyon prenatal, sa gen ladan l vitès batman kè fetis la, tès san estrès, siveyans matris, ak siveyans dyabèt pandan gwosès. Vizit adomisil pou evalyasyon apre akouchman ak swen swivi. Vizit adomisil pou swen ak evalyasyon tibebe ki fenk fèt. Sèvis oswa pwosedi vizit lakay ki pa nan lis.	Doula yo se pwofesyonèl soutyen ki pa klinik ki bay soutyen emosyonèl, soutyen enfòmatif ak soutyen fizik anvan, pandan ak apre tranche. Yo ede avèk teknik relaksasyon, egzèsis respirasyon, masaj, sijesyon pou pozisyon ak lòt mezi konfò, pandan y ap bay edikasyon sou opsyon akouchman ak jesyon doulè. Sipò ki bay anvan, pandan, ak apre gwosès la. Pou manm ki gen laj 13 lane oswa plis.	Notifikasyon sèlman
Rekonpans Babyscripts ak Healthy First Steps®	Rekonpans manm pou etap enpòtan tibebe an sante.	Pwogram nan fini nan 15 mwa apre akouchman. Manm enskri yo resevwa rekonpans nan etap enpòtan byen presi, sa gen ladan l kat kado ak atik anrapò ak tibebe ki varye nan valè ant \$10 ak \$30. Pou manm ki gen laj 13 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Pakè daypè pou kòmanse	Èd pou daypè.	Nouvo manman pandan premye 12 mwa yo, apre akouchman. Maksimòm \$50 pou daypè, yon fwa pou chak timoun Pou manm ki gen laj 13 lane oswa plis.	Non
Avantaj elaji yo: Timoun ak adolesan ki gen yon maladi mantal grav ak/oswa twoub konsomasyon sibstans			
DME pou yon Maladi Presizeman	Ekipman Medikal Dirab.	DME ak lòt founiti pou ede timoun yo jere sentòm yo, tankou dra siplemantè ki gen pwa oswa alam pipi nan kabann. Limite a \$100 chak ane. Pou manm jiska laj 18 lane.	Non
Jwèt Sansoryèl pou Timoun k ap Viv Avèk ADHD	Jwèt sansoryèl.	Jwèt sansoryèl yo ka ede timoun k ap viv avèk ADHD pou konsantrasyon, relaksasyon ak devlopman anjeneral. Pou manm laj 6 jiska 14 lane.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Fon Fleksib Jenès nan Laj Tranzisyon (Transitional Age Youth, TAY)	Frè anplis tèlke èd lajan kach pou depo lokasyon(yo), lwaye, sèvis piblik, frè demenajman, elatriye.	Bay yon maksimòm \$250 chak ane pou soutni akonplisman sèvis swen sante ki nesèsè, obligatwa grasa koneksyon vityèl, avèk kritè ki endike manm enskri a dwe nan yon nivo risk sante emèjan oswa pi wo, epi soutyen a dwe ede ranfòse sistèm swen natirèl li. Pou manm laj 14 jiska 25 lane.	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Avantaj elaji yo: Timoun ki gen bezwen medikal konplike k ap viv aktyèlman nan yon etablisman swen enfimye espesyalize			
Avantaj èd pou tranzisyon nan Etablisman Swen Enfimye	<p>UnitedHealthcare Community Plan ofri yon avantaj pou Tranzisyon nan Etablisman Swen Enfimye pou ede fanmi yo lakay yo timoun yo k ap viv nan yon etablisman swen enfimye. Avantaj la pral bay timoun yo ak fanmi yo èd pou ede simonte obstak ki anpeche timoun lan viv lakay li avèk fanmi l.</p> <p>Avantaj sa a disponib pou moun ki abite kounye a nan yon etablisman swen enfimye epi ki swa gen mwens pase 21 lane oswa gen mwens pase 30 lane epi yo abite nan yon etablisman swen enfimye anvan yo te vin gen 21 lane.</p> <p>Avantaj Tranzisyon Etablisman Swen Enfimye a ka gen ladan sa ki annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Renovasyon kay • Achte yon dèlko pou bay ekipman medikal kouran pandan pàn kouran yo • Ajoutman nan kay la pou bay timoun lan espas pou tout ekipman medikal ki nesèsè ak bezwen swen yo • Ajou yon twalèt ki aksesib • Adaptasyon oswa acha yon veyikil ekipe pou reponn ak bezwen transpò timoun nan • Depo pou fasilite tranzisyon an (tankou depo sekirite pou lokasyon oswa frè pou vin abite) • Reparasyon oswa sèvis nan kay pou asire yon espas lojman ki sen • Finansman pou ede ak frè demenajman <p>Manm ki kalifye yo ka resevwa jiska \$75,000 pou ede tranzisyon nan kay la. Avantaj sa a se yon fwa pandan yon dire lavi.</p> <p>Ou ta dwe pale ak responsab dosye w la si w panse avantaj sa a kapab ede w. Li ka ba w plis enfòmasyon epi ede w konnen kisa pou w fè apresa.</p> <p>Si w bezwen èd pou w kontakte responsab dosye w la, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan 1-888-716-8787, TTY 711, apati 8 a.m. jiska 7 p.m. Lè Zòn Lès, Lendi rive Vandredi.</p>		

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
<p>Avantaj elaji yo: Manm enskri nan yon anviwònman ki baze nan kay ak nan kominote (Home- and Community-Based Setting, HCBS), tankou moun ki gen andikap nan devlopman, dizotonomi famiyal, oswa moun ki nan etablisman swen sou peryòd ki long</p>			
<p>Etablisman Rezidans Asiste/Kay Swen Famiyal pou Granmoun – Jou pou Kenbe Kabann</p>	<p>Jiska 30 jou pou kenbe yon kabann.</p>	<p>Avantaj sa a pèmèt manm enskri ki absan tanporèman nan etablisman reyadaptasyon, etablisman rezidans asiste oswa kay swen famiyal pou granmoun, konsève kabann yo a jiska 30 jou pou manm enskri a pa pèdi plasman li nan etablisman an.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	<p>Wi</p>
<p>Terapi Endividyèl pou Responsab Swen yo</p>	<p>Terapi sante konpòtmantal.</p>	<p>Jiska 2 sesyon sèvis konpòtmantal terapetik pou chak ane kalandriye.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	<p>Non</p>

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Asistans tranzisyon soti nan etablisman swen enfimye pou ale nan anviwònman kominotè	Èd pou tranzisyon.	<p>Nou soutni manm enskri k ap fè tranzisyon nan yon anviwònman kominotè nan bay atik esansyèl pou kay tankou mèb, ekipman sekirite oswa asistans pou garanti lojman. Jiska yon maksimòm \$5,000 pou chak manm enskri pou dire lavi.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	Wi
Transpò responsab swen	Transpò.	<p>Responsab swen manm enskri nan yon anviwònman HCBS ka jwenn aksè ak 4 vwayaj ale senp pou vizite yon manm enskri ki abite nan yon rezidans asiste oswa yon etablisman swen enfimye.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Swen pou Responsab Swen yo	Sipò responsab swen.	<p>Coach Careforth yo prepare yon pwogram ki santre sou moun pou chak manm enskri apre yo fin fè yon evalyasyon ki evalye konesans, konpetans ak bezwen responsab swen an epi risk sante ak pwoblèm konpòtman manm enskri a. Responsab swen manm enskri yo nan yon anviwònman HCBS gen aksè ak rekòmandasyon klinik ak sèvis soutyen e ankadreman responsab swen.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	Non
Terapi Masaj	Terapi masaj pou amelyore sante ak byennèt.	<p>Terapi konprès cho ak frèt. Terapi newomiskilè. Masaj 15 minit, ki gen ladan l mobilizasyon, manipilasyon, drenaj lenfatik alamen, traksyon alamen, 1 oswa plizyè rejyon, masaj 15 minit, ki gen ladan l efleraj, petrisaj ak tapotman.</p> <p>Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.</p>	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Konsèy sou Nitrisyon	Vizit avèk yon dyetetisyen pou ede avèk yon plan nitrisyon ak abitud manje ki bon pou sante.	Yon apwòch konplè nan sèvis terapi nitrisyon medikal (Medical Nutrition Therapy, MNT), ke dyetetisyen otorize oswa lòt pwofesyonèl swen sante kalifye ofri. Pwogram sa a evalye eta nitrisyonèl yon manm enskri epi li devlope plan nitrisyon adapte pou li pèsoneyman pandan y ap edike l sou abitud manje an sante. Twa vizit MNT chak ane, pa plis pase 1 inite chak jou. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Akiponkti	Yon lòt chwa alapas jesyon doulè ki pa tradisyonèl.	<p>Youn oswa plizyè zegwi, san estimilasyon elektrik, 15 minit kontak pèsonèl youn a youn avèk pasyan an okòmansman. 15 Minit kontak pèsonèl siplemantè youn a youn avèk pasyan an, avèk reensèsyon zegwi yo. Youn oswa plizyè zegwi, avèk estimilasyon elektrik, 15 minit kontak pèsonèl youn a youn avèk pasyan an okòmansman..</p> <p>Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.</p>	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Avantaj elaji yo: Avantaj jeneral elaji			
Kopeman Anile	Pa gen kopeman pou sèten sèvis.	Pou manm ki gen 21 lane oswa plis, pa gen okenn kopeman pou sèvis kiwopratisyen, sèvis sante konpòtmantal kominotè, sèvis Sante Adomisil, sèvis pou pasyan ki pa entène nan lopital, vizit nan sant sante kalifye nan nivo federal, sèvis laboratwa endepandan yo, sèvis transpò ki pa ijans, sèvis enfimye/ enfimye pratisyen, sèvis optometris, doktè ak asistan doktè, sèvis podyat, sèvis radyografi pòtab, vizit nan klinik sante riral yo, ak itilizasyon sèvis ijans lopital pou sèvis ki pa ijans.	Pa Aplikab
Sèvis Kiwopratik	Yon lòt chwa alapas jesyon doulè ki pa tradisyonèl ki gen ladan l manipilasyon kolòn vètebral.	San limit avèk otorizasyon alavans. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis. Avantaj sa a retire limit kiwoprakti pou sèvis ki kouvri anba avantaj plan MMA yo.	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Sèvis lopital pou pasyan ki pa entènè	Pa gen limit pou: Ekanè PET, sèvis famasi, pwofesyonèl, terapi PT/OT, sèvis radyoloji, sèvis dantè woutin, etid somèy, terapi lapawòl, sèvis esterilizasyon, founiti – medikal/chirijikal, radyoloji terapetik, terapetik, transplantasyon, sèvis sal tretman/OBS, ak sèvis swen ijan yo.	San limit avèk otorizasyon alavans. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi
Sèvis Telefòn Selilè	Nou ofri pakè telefòn entelijan ak sèvis gratis nan patenarya avèk Assurance Wireless nan kad pwogram Lifeline federal la.	Nouvo, telefòn selilè nan pri ki ba. Oswa ou ka vini ak pwòp telefòn ou. Pale ak tèks san limit; 10 GB done. Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.	Wi
Jesyon Ka Sible	Jesyon ka sible.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Egzamen/ Evalyasyon – Konpòtmantal	Divès kòd egzamen, evalyasyon ak tèks yo.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Sèvis Lajounen/ Tretman Lajounen Pou Sante Konpòtmantal	Sèvis lajounen sante konpòtmantal/tretman lajounen, sèvis gadri granmoun: pèdiyèm.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi
Sèvis Medikal Sante Konpòtmantal (Depistaj Dwòg)	Sèvis medikal sante konpòtmantal (kòlèk echantiyon pou depistaj pou alkòl ak lòt dwòg).	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Medikal Sante Konpòtmantal (Jesyon Medikaman)	Jesyon medikaman.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Medikal Sante Konpòtmantal (Entèraksyon Vèbal)	Sèvis medikal sante konpòtmantal (entèraksyon vèbal), sante mantal/abi sibstans.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Depistaj Sante Konpòtmantal	Sèvis depistaj sante konpòtmantal.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Sèvis Tretman avèk Èd Medikaman	Sèvis pou alkòl ak/oswa dwòg; administrasyon ak/oswa sèvis methadone (yon pwogram lisansye asire pwovizyon medikaman an).	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Reyadaptasyon sikososal	Sèvis reyadaptasyon sikososal.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Òtofofi	Divès kòd egzamen, evalyasyon ak tès yo.	Yon evalyasyon chak ane, jiska 7 inite tretman terapi chak semèn. Yon evalyasyon chak ane, jiska 4 sesyon ajisteman ak fòmasyon AAC 30 minit chak ane. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Wi
Terapi/ Sikoterapi (Gwoup)	Terapi gwoup, terapi medikal kout an gwoup.	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Terapi/ Sikoterapi (Yon Moun/ Familyal)	Terapi endividyèl ak familyal, sikoterapi endividyèl kout, fòmasyon ak sèvis edikatif anrapò avèk swen ak tretman pwoblèm sante mantal ki andikape pasyan an, pou chak sesyon (45 minit oswa plis).	San limit. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
PDN – Careforth, Tranzisyon Transpò ak Anviwònman Kominotè	Èd pou tranzisyon.	<p>Nou soutni manm enskri k ap fè tranzisyon nan yon anviwònman kominotè nan bay eleman esansyèl pou kay tankou mèb, ekipman sekirite oswa asistans pou garanti lojman jiska yon maksimòm \$10,000 pou chak manm enskri pou tout dire lavi l. Egzije otorizasyon alavans. Responsab swen manm enskri nan yon anviwònman HCBS ka jwenn aksè ak 4 vwayaj ale senp pou vizite yon manm enskri ki abite nan yon rezidans asiste oswa yon etablisman swen enfimye. Coach Careforth yo prepare yon pwogram ki santre sou moun pou chak manm enskri apre yo fin fè yon evalyasyon ki evalye konesans, konpetans ak bezwen responsab swen an epi risk sante ak pwoblèm konpòtman manm enskri a. Responsab swen manm enskri yo nan yon anviwònman HCBS gen aksè ak rekòmandasyon klinik ak sèvis soutyen e ankadreman responsab swen.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	Wi

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Vizit nan Kay yon Travayè Sosyal Klinik Fè	Divès.	Yon vizit siplemantè chak jou. Pou manm ki gen laj 21 lane oswa plis.	Non
Avantaj elaji – Chemen pou pwosperite			
Èd pou Lojman	Sèvis ki sipòte yon manm nan preparasyon ak tranzisyon nan lojman.	Asistans pou tout manm enskri k ap chèche lojman ki ansekirite epi ki stab.	Non
Èd pou Lojman	Sipò kamarad ki favorize akizisyon konpetans pou fè fas ak epi jere sentòm pandan y ap itilize resous natirèl ak prezèvasyon e amelyorasyon konpetans lavi nan kominote avèk asistans yon espesyalis soutyen kamarad.	Sipò kamarad pou ankouraje konpetans ki pèmèt fè fas ak epi jere bezwen lojman.	Non
Èd pou Lojman	Frè anplis tèlke èd lajan kach pou depo lokasyon(yo), lwaye, sèvis piblik, frè demenajman, elatriye.	Kouvri frè anplis yo yon sèl fwa tankou avi sou debranchman, frè pou demenajman, depo lokasyon, sèvis piblik, elatriye.	Non
Èd pou Manje	Pèdiyèm repa gwoup nitrisyon medikal; ki pa presize otreman.	Manm enskri ki resevwa yon dyagnostik SMI ki egzeye nan yon lopital oswa yon etablisman, gen aksè ak 14 livrezon repa lakay yo chak ane.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Èd pou Manje	Pèdiyèm repa gwoup nitrisyon medikal; ki pa presize otreman.	Nouvo manman ki retounen lakay yo apre yo fin akouche yon nouvone. Aksè ak 14 livrezon repa lakay chak ane.	Non
Èd pou Manje	Pèdiyèm repa gwoup nitrisyon medikal; ki pa presize otreman.	Manm enskri ki gen yon dyagnostik prensipal ensifizans kadyak konjestiv (Congestive Heart Failure, CHF), dyabèt, maladi pilmonè obstriktif kwonik (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD), kansè epi ki egzeyate resaman apre yon sejou nan lopital. Aksè ak 14 livrezon repa lakay chak ane.	Non
Transpò ki Pa Medikal	Asistans pou transpò ki pa medikal pou chèche travay	Asistans pou transpò ki depase sèvis obligatwa ki pa ijans pou granmoun laj 18 lane oswa plis. Deplasman yo dwe apwouve epi yo dwe nan yon distans 30 mil parapò ak kay manm enskri a; 20 kous ale senp oswa 10 kous ale retou chak ane.	Non
Transpò ki Pa Medikal	Pas transpò piblik apre travay.	Alokasyon swasant jou pou yon pas otobis apre travay jwenn, yon fwa chak ane pou granmoun 18 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Transpò ki Pa Medikal	Kat kado gaz – Pa gen transpò piblik apre travay.	Kat kado gaz (\$50) apre travay ou jwenn nan rejyon kote transpò piblik pa disponib. Pou granmoun laj 18 lane oswa plis.	Non
Leson patikilye, Fòmasyon Pwofesyonèl, ak/oswa Preparasyon pou Travay	Pwogram GED.	GEDWorks: Tès GED, konseye pou edikasyon, kad etid ak preparasyon egzamen. Materyèl etid ak tès ki disponib nan lang anglè ak panyòl. Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.	Non
Leson patikilye, Fòmasyon Pwofesyonèl, ak/oswa Preparasyon pou Travay	Goodwill.	Goodwill. Sèvis konsèy pou travay, asistans teknik ak soutyen pou moun k ap chèche travay pou yo jwenn travay oswa pou avansman karyè manm enskri yo. Aksè ak navigatè karyè, ki mete manm enskri yo an kontak ak travay nan kominote yo a. Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.	Non

Seksyon 16: Avantaj plan ou yo – Avantaj elaji

Sèvis	Deskripsyon	Kouvèti Asirans/Limit	Otorizasyon Davans
Leson patikilye, Fòmasyon Pwofesyonèl, ak/oswa Preparasyon pou Travay	My Secure Advantage.	<p>Secure Advantage: Manm enskri yo ka resevwa konsèy ak soutyen nan men yon coach finansye ki bay enfòmasyon objektif ak etap aksyon klè pou ede yo pran desizyon reflechi sou finans yo.</p> <p>Pou manm ki gen laj 18 lane oswa plis.</p>	Non

Seksyon 17:

Satisfaksyon manm yo

Plent, doleyans, ak kontestasyon kont plan yo

Nou vle ou kontan avèk nou ak pou swen ou resevwa nan men founisè nou yo. Fè nou konnen touswit si nenpòt lè ou pa kontan ak nenpòt bagay konsènan nou oswa founisè nou yo. Sa gen ladan si ou pa dakò ak yon desizyon nou te pran.

Anplis, sa gen ladan l'enkyetid ou gendwa genyen konsènan pwosedi revizyon anvan sèvis la (revizyon anvan sèvis la), revizyon ijan (revizyon rapid akòz pwoblèm sante), revizyon konkouran (revizyon pandan sèvis la), ak revizyon apre sèvis (revizyon apre sèvis la).

	Kisa w ka fè:	Sa nou pral fè:
Si ou pa kontan avèk nou oswa avèk founisè nou yo, ou ka depoze yon plent	Ou kapab: <ul style="list-style-type: none">• Rele nou nenpòt lè MMA: 1-888-716-8787 , TTY 711 LTC: 1-800-791-9233 , TTY 711	Nou pral: <ul style="list-style-type: none">• Eseye rezoud pwoblèm ou an nan espas 1 jou ouvrab
Si ou pa kontan avèk nou oswa avèk founisè nou yo, ou ka depoze yon Doleyans	Ou kapab: <ul style="list-style-type: none">• Ekri nou oswa rele nou nenpòt lè• Rele nou pou mande plis tan pou rezoud doleyans ou an si ou panse plis tan ap ede UnitedHealthcare Community Plan Appeals and Grievance Unit P.O. Box 31364 Salt Lake City, UT 84131 MMA: 1-888-716-8787 , TTY 711 LTC: 1-800-791-9233 , TTY 711	Nou pral: <ul style="list-style-type: none">• Egzamine doleyans ou an epi voye yon lèt ba ou avèk desizyon nou pran an nan lespas 30 jou Si nou bezwen plis tan pou rezoud doleyans ou an, n ap: <ul style="list-style-type: none">• Voye yon lèt ba ou avèk rezon nou epi ba ou enfòmasyon dwa w genyen si w pa dakò

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 101
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 17: Satisfaksyon manm yo

	Kisa w ka fè:	Sa nou pral fè:
Si ou pa dakò avèk yon desizyon nou te pran konsènan sèvis ou yo, ou ka mande pou yon Apèl	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri nou, oswa rele nou epi fè swivi alekri, nan espas 60 jou apre desizyon nou pran konsènan sèvis ou yo • Mande pou sèvis ou yo kontinye nan 10 jou yo apre nou resevwa lèt nou an, si sa nesèsè. Kèk règ gendwa aplike. <p>UnitedHealthcare Community Plan Appeals and Grievance Unit P.O. Box 31364 Salt Lake City, UT 84131</p> <p>MMA: 1-888-716-8787, TTY 711 LTC: 1-800-791-9233, TTY 711</p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Voye yon lèt ba ou nan espas 5 jou ouvrab pou fè w konnen nou te resevwa kontestasyon ou an • Ede w ranpli nenpòt fòm • Egzamine kontestasyon ou an epi voye yon lèt ba ou nan espas 30 jou pou reponn ou
Si w panse si ou tann 30 jou sa pral mete sante w andanje, ou ka mande pou yon Apèl Akselere oswa Apèl “Rapid”	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekri nou oswa rele nou pou pita nan 60 jou apre nou pran desizyon sou sèvis ou yo <p>UnitedHealthcare Community Plan Appeals and Grievance Unit P.O. Box 31364 Salt Lake City, UT 84131</p> <p>MMA: 1-888-716-8787, TTY 711 LTC: 1-800-791-9233, TTY 711</p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ba w yon repons nan espas 48 èdtan apre nou resevwa demann ou an • Rele ou menm jou a si nou pa dakò ou bezwen yon kontestasyon rapid, epi voye yon lèt ba ou nan espas 2 jou

Seksyon 17: Satisfaksyon manm yo

	Kisa w ka fè:	Sa nou pral fè:
Si ou pa dakò avèk desizyon kontestasyon nou an, ou ka mande yon Odyans san Patipri Medicaid	<p>Ou kapab:</p> <ul style="list-style-type: none">• Ekri Biwo Odyans San patipri Ajans pou Administrasyon Swen Sante• Mande nou yon kopi dosye medikal ou• Mande pou sèvis ou yo kontinye nan 10 jou yo apre nou resevwa lèt nou an, si sa nesesè. Kèk règ gendwa aplike. <p>* Ou dwe fini pwosesis kontestasyon la anvan ou ka gen yon Odyans san Patipri Medicaid.</p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none">• Ba ou transpò pou Odyans san patipri Medicaid la, si sa nesesè• Rekòmanse sèvis ou yo si Eta dakò avèk ou <p>Si ou te kontinye sèvis ou yo, nou gendwa mande w pou ou peye pou sèvis yo si desizyon final la pa anfavè ou.</p>

Kontestasyon plan rapid

Si nou refize demann ou fè pou yon kontestasyon rapid, n ap transfere kontestasyon ou an nan delè pou kontestasyon regilye a ki se 30 jou. Si ou pa dakò avèk desizyon nou pou nou pa ba ou yon kontestasyon rapid, ou ka rele nou pou depoze yon doleyans.

Odyans san Patipri Medicaid (pou manm Medicaid yo)

Pou mande yon odyans san patipri nenpòt lè jouk rive nan 120 jou apre ou resevwa yon Avi sou Rezolisyon kontestasyon Plan, ou gendwa rele oswa ekri nan:

Agency for Health Care Administration
Medicaid Fair Hearing Unit
P.O. Box 7237
Tallahassee, FL 32314-7237

1-877-254-1055 (gratis)
1-239-338-2642 (faks)

MedicaidFairHearingUnit@ahca.myflorida.com

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 103 oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 17: Satisfaksyon manm yo

Si ou mande yon odyans san patipri alekri, tanpri mete enfòmasyon ki annapre yo:

- Non ou
- Nimewo manm ou
- Nimewo ID Medicaid ou
- Yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou menm oswa reprezantan ou

Epitou, ou gendwa mete enfòmasyon ki annapre yo, si ou genyen yo:

- Poukisa ou panse yo dwe chanje desizyon an
- Sèvis ou panse ou bezwen (yo)
- Nenpòt enfòmasyon medikal pou kore demann nan
- Kiyès ou ta renmen pou ede ou pou odyans san patipri ou a

Aprè yo te apwouve demann ou pou yon odyans san patipri, Ajans lan pral konfime alekri yo te resevwa demann ou pou yon odyans san patipri. Yon responsab odyans ki travay pou Eta a pral egzamine desizyon nou te pran an.

Si ou se yon manm Title XXI MediKids, ou pa otorize gen yon Odyans san Patipri Medicaid.

Revizyon Eta a fè (pou manm MediKids)

Lè ou mande yon revizyon, yon responsab odyans ki travay pou Eta a revize desizyon ki pran pandan kontestasyon Plan an. Ou gendwa mande yon revizyon Eta a nenpòt lè jiska 30 jou apre ou resevwa avi a. **Fòk pwosesis kontestasyon ou an fini avan.**

Pou mande yon egzamen Eta a, ou gendwa rele oswa ekri nan:

Agency for Health Care Administration
P.O. Box 7237
Tallahassee, FL 32314-7237

1-877 254-1055 (gratis)
1-239-338-2642 (faks)

MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com

Aprè yo te apwouve demann ou an, Ajans lan pral enfòme ou alekri yo te resevwa demann ou an.

Pousuit avantaj yo pou manm Medicaid yo

Si w ap resevwa kounye a sèvis ki pral redui, kanpe, oswa anile, ou gen dwa pou kontinye resevwa sèvis sa yo jiskaske yo pran yon desizyon final pou **kontestasyon Plan** w lan oswa **Odyans San Patipri Medicaid** ou a. Si sèvis ou yo ap kontinye, p ap gen chanjman nan sèvis ou jiskaske yo pran yon desizyon final.

Si sèvis ou yo kontinye, epi desizyon nou an pa anfavè ou, nou gendwa mande w pou ou peye pri sèvis sa yo. Nou p ap retire okenn nan avantaj Medicaid ou yo. Nou pa ka mande pou fanmi ou oswa reprezantan legal ou peye pou sèvis yo.

Pou fè sèvis ou yo kontinye pandan kontestasyon ou an oswa odyans san patipri ou an, ou dwe depoze kontestasyon ou an epi mande pou kontinye sèvis yo nan delè sa a, selon sa ki pita a:

- 10 jou apre ou resevwa yon Avi pou Desizyon Defavorab sou Avantaj (Notice of Adverse Benefits Determination, NABD), oswa
- Nan premye jou oswa anvan premye jou sèvis ou yo pral redui, sispann oswa anile.

Seksyon 18:

Dwa ou yo antanke manm

Antanke benefisyè Medicaid epi yon manm nan yon Plan, ou gen sèten dwa tou.

Ou gen dwa pou:

- Pou resevwa enfòmasyon sou òganizasyon an, sèvis li yo, pratisyen li yo ak founisè swen sante li yo epi dwa ak responsablite manm li yo
- Pou patisipe avèk pratisyen yo nan pran desizyon sou swen sante yo
- Yon dwa pou gen yon diskisyon fran sou opsyon tretman ki apwopriye oswa ki nesèsè pou rezon medikal pou pwoblèm sante, kèlkeswa pri oswa kouvèti avantaj yo
- Pou fè tandè plent oswa kontestasyon ou konsènan òganizasyon an oswa swen sante li bay
- Yon dwa pou fè rekòmandasyon konsènan dwa ak responsablite manm òganizasyon an
- Yo trete ou avèk koutwazi ak respè
- Toujou fè yo konsidere ak respekte diyite w ak vi prive w
- Resevwa yon repons rapid ak itil pou kesyon ak demann ou yo
- Konnen kiyès k ap founi sèvis medikal yo ak kiyès ki responsab swen ou yo
- Konnen ki sèvis ki disponib pou manm yo, sa gen ladan l si yon entèprèt disponib si ou pa pale anglè
- Konnen ki règ ak lwa ki aplike pou konduit ou
- Bay enfòmasyon ki fasil pou swiv sou dyagnostik ou, epi diskite yon fason lib sou tretman ou bezwen an, chwa tretman yo ak lòt chwa ki disponib, risk yo, ak fason tretman sa yo pral ede w
- Patisipe nan fè chwa avèk founisè ou an konsènan swen sante w, sa gen ladan l dwa pou w di non pou nenpòt tretman, sòf si lalwa prevwa otreman
- Resevwa enfòmasyon konplè sou lòt fason pou ede peye pou swen sante w
- Konnen si founisè a oswa etablisman an aksepte to plasman Medicare a
- Pou yo di ou konbyen li gendwa koute ou anvan ou resevwa yon sèvis
- Jwenn yon kopi yon bòdwo epi fè yo esplike w frè yo
- Resevwa tretman medikal oswa èd espesyal pou moun ki gen andikap, kèlkeswa ras, peyi kote w soti, relijyon, andikap, oswa sous peman

Seksyon 18: Dwa ou yo antanke manm

- Resevwa tretman pou nenpòt ijans sante ki pral vin pi mal si ou pa jwenn tretman
- Konnen si tretman medikal la se pou rechèch eksperimantal epi di wi oswa non pou patisipasyon nan rechèch sa a
- Fè yon plent lè yo pa respekte dwa w yo
- Mande yon lòt doktè lè ou pa dakò avèk doktè ou an (dezyèm opinyon medikal)
- Jwenn yon kopi dosye medikal ou epi mande pou yo ajoute oswa korije enfòmasyon ki nan dosye w, si sa nesesè
- Fè yo kenbe dosye medikal ou yo prive epi pataje yo sèlman lè lalwa egzije sa oswa avèk apwobasyon ou
- Deside kijan ou vle yo pran desizyon medikal yo si ou pa ka pran yo ou menm (Direktiv Alavans)
- Pou depoze yon doleyans pou nenpòt pwoblèm ki pa yon desizyon Plan an konsènan sèvis ou yo
- Pou fè kontestasyon kont yon desizyon Plan an konsènan sèvis ou yo
- Resevwa sèvis nan men yon founisè ki pa fè pati Plan nou an (ki pa nan rezo a) si nou pa ka jwenn yon founisè pou ou ki fè pati Plan nou an
- Pale lib e libè sou swen sante w ak enkyetid ou san okenn move rezilta
- Egzèse dwa w yo lib e libè san Plan an oswa founisè rezo li yo pa trete w mal
- Jwenn swen san krent pou sibi okenn kalite fizik kontrent fizik oswa izòlman yo itilize kòm yon mwayen presyon, disiplin, fasilite oswa vanjans
- Mande epi resevwa yon kopi dosye medikal ou epi mande pou yo modifiye oswa korije yo

Manm LTC yo gen dwa pou:

- Pa sibi okenn kalite fizik kontrent fizik oswa izòlman yo itilize kòm yon mwayen presyon, disiplin, fasilite oswa vanjans
- Resevwa sèvis nan yon anviwònman ki tankou lakay ou kèlkeswa kote w ap viv la
- Resevwa enfòmasyon sou patisipasyon nan kominote ou an, fikse objektif pèsònèl ou ak fason ou ka patisipe nan pwosesis sa
- Di w kibò, kilè e kijan pou w jwenn sèvis ou bezwen yo
- Ou anmezi patisipe nan desizyon sou swen sante w
- Pale karebare sou opsyon tretman pou maladi ou yo, kèlkeswa pri oswa avantaj yo
- Chwazi pwogram pou ou patisipe nan yo ak founisè ki ba ou swen

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 107 oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 19:

Responsablite ou yo antanke manm

Antanke benefisyè Medicaid epi yon manm nan yon plan, ou gen sèten responsablite tou.

Ou gen responsablite:

- Swiv plan ak machaswiv pou swen yo ou te aksepte avèk founisè yo
- Konprann pwoblèm sante yo epi patisipe nan devlopman objektif tretman ki aksepte nan fason respwòk, nan degre a
- Bay Plan w lan ak founisè ou yo enfòmasyon egzat sou sante w
- Enfòme founisè ou an pou chanjman sanzatann nan pwoblèm sante w
- Pale avèk founisè ou an pou asire ou konprann yon plan aksyon ak sa y ap atann nan men ou
- Koute founisè ou an, swiv direktiv pou swen yo, epi poze kesyon
- Respekte randevou w yo, epi avèti founisè ou an si ou p ap kapab kenbe yon randevou
- Responsab aksyon ou yo si ou refize tretman oswa si ou pa swiv direktiv founisè swen sante a
- Asire peman yo fèt pou sèvis ou resevwa ki pa kouvri yo
- Swiv règ ak règleman konduit etablisman swen sante a
- Trete pèsònèl swen sante ak jesyonè dosye avèk respè
- Fè nou konnen si ou gen pwoblèm avèk nenpòt pèsònèl swen sante
- Sèvi ak sèvis ijans pou ijans reyèl sèlman
- Enfòme jesyonè dosye ou an si w gen yon chanjman nan enfòmasyon (adrès, nimewo telefòn, elatriye)
- Gen yon plan pou ijans epi jwenn aksè ak plan sa a si sa nesesè pou sekirite ou
- Rapòte fwòd, abi ak twòp peman

Manm LTC yo gen responsablite:

- Di jesyonè dosye w la si w vle anile enskripsyon nan pwogram Swen sou Peryòd ki Long nan
- Aksepte epi patisipe nan evalyasyon repètwa l fasafas, vizit fasafas chak trimès ak kontak nan telefòn chak mwa avèk jesyonè dosye ou an

108 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 20: Lòt enfòmasyon enpòtan

Responsablite Pasyan pou Swen sou Peryòd ki Long (LTC) oswa sèvis ospis

Si ou resevwa sèvis LTC oswa ospis, ou gendwa oblije peye yon “pati nan pri” pou sèvis ou yo chak mwa. Yo rele pati sa a “responsablite pasyan an.” Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) ap voye yon lèt ba w nan lapòs lè ou vin kalifye (oswa pou w fè w konnen chanjman yo) pou sèvis Medicaid LTC oswa ospis. Lèt sa a rele yon “Avi sou Aksyon Ka” oswa “NOCA (Notice of Case Action).” Lèt NOCA a pral fè w konnen dat w kalifikasyon ak kantite lajan ou dwe peye etablisman kote w ap viv la, si w ap viv nan yon etablisman, pou pati ou nan frè yo pou sèvis LTC oswa sèvis ospis ou yo.

Pou aprann plis sou responsablite pasyan an, ou ka pale avèk jesyonè dosye LTC ou, pou kontakte DCF ou ka rele nimewo san frè 1-866-762-2237, oswa ale sou paj wèb DCF la sou <https://www.myflfamilies.com/medicaid>. (Glise desann nan seksyon Moun ki aje oswa andikapè ki pa kalifye kounye a epi seleksyone “SSI-Related Facts Sheets” (fich enfòmasyon anrapò ak SSI)).

Pwoteksyon Founisè Swen Sante Endyen (IHCP)

Endyen yo egzante pou tout pataj frè pou sèvis yo founi oswa resevwa nan yon Founisè Swen Sante Endyen (Indian Health Care Provider, IHCP) oswa referans dapre sèvis sante sou kontra.

Plan ijans pou katastwòf

Katastwòf ka rive nenpòt ki lè. Pou pwoteje tèt ou ak pwoteje fanmi ou, li enpòtan pou ou prepare. Gen twa etap pou prepare pou yon katastwòf: 1) Enfòmè; 2) Fè yon Plan; epi 3) Jwenn yon Kit. Pou èd pou plan ijans pou katastwòf ou, rele Sèvis pou Manm oswa jesyonè dosye ou an. Divizyon Jesyon Ijans Florid la kapab ede w tou pou plan w lan. Ou ka rele yo nan 1-850-413-9969 oswa vizite sit entènèt yo sou www.floridadisaster.org.

Pou manm LTC yo, jesyonè dosye ou an ap ede w kreye yon plan pou katastwòf.

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 109 oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Seksyon 20: Lòt enfòmasyon enpòtan

Konsèy sou fason pou anpeche fwòd ak abi Medicaid

- **Pa** pataje enfòmasyon pèsònèl, sa gen ladan l nimewo Medicaid ou, avèk okenn moun ki pa founisè ou fè konfyans
- Fè atansyon ak nenpòt moun ki ofri w lajan, sèvis medikal gratis oswa bon mache, oswa kado an echanj enfòmasyon Medicaid ou
- Fè atansyon ak vizit pòtapòt oswa kontestasyon ou pa te mande
- Fè atansyon ak lyen ki genyen nan tèks oswa imèl ou pa te mande, oswa sou platfòm rezo sosyal yo

Fwòd/abi/pemancdepase nan pwogram Medicaid la

Pou rapòte soupson fwòd ak/oswa abi nan Medicaid Florid, rele Liy Dirèk san frè pou Plent Konsomatè a nan 1-888-419-3456 oswa ranpli yon Fòmilè Plent pou Fwòd ak Abi Medicaid, ki disponib sou entènèt nan: <https://apps.ahca.myflorida.com/mpi-complaintform/>.

Epitou, ou kapab rapòte fwòd ak abi dirèkteman lè w kontakte MMA nan **1-888-716-8787**, TTY **711**; ak LTC nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Abi/neglijans/eksplwatasyon moun

Yo pa ta dwe janm trete ou mal. Li pa janm akseptab pou yon moun frape w oswa fè w santi w pè. Ou ka pale avèk PCP ou oswa jesyonè dosye ou sou santiman w yo.

Si w santi y ap maltrete w oswa neglijè w, ou ka rele liy dirèk pou Abi a nan 1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873) oswa pou TTY/TDD nan 1-800-955-8771.

Ou ka rele liy dirèk la tou si w konnen yon lòt moun y ap maltrete.

Vyolans Domestik se abi li ye tou. Men kèk konsèy pou sekirite:

- Si w blese, rele PCP ou
- Si w bezwen swen ijans, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre a. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade seksyon ki rele **Swen Dijans**.
- Se pou lou gen yon plan pou ale nan yon kote ki ansekirite (kay yon zanmi oswa yon fanmi)
- Prepare yon ti sak, bay yon zanmi li pou l kenbe pou ou

110 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, tanpri rele san frè Liy Asistans Nasyonal pou Vyolans Domestik nan 1-800-799-7233 (TTY 1-800-787-3224).

Jwenn plis enfòmasyon

Ou gen yon dwa pou mande enfòmasyon. Rele Sèvis pou Manm oswa pale avèk jesyonè dosye ou an konsènan ki kalite enfòmasyon ou ka resevwa gratis. Kèk egzanp se:

- Dosye manm ou
- Yon deskripsyon sou fason nou fonksyone
- Anyè Founisè

Seksyon 21: Lòt resous anplis

Floridahealthfinder.gov

Ajans la angaje nan misyon li pou bay “Pi bon Swen Sante pou Tout Moun Florid yo”. Ajans lan te kreye yon sit entènèt **www.FloridaHealthFinder.gov** kote ou ka wè enfòmasyon sou ajans sante lakay, etablisman swen enfimye, etablisman rezidans asiste, sant chiriji anbilatwa ak lopital nan Florid yo. Ou ka jwenn kalite enfòmasyon ki annapre yo sou sit entènèt la:

- Enfòmasyon ajou sou lisans
- Rapò enspeksyon
- Aksyon lajistis
- Rezilta sante yo
- Pri yo
- Mezi pèfòmans yo
- Bwochi edikasyon pou konsomatè yo
- Testaman byolojik yo
- Evalyasyon pèfòmans kalite, ki gen ladan l rezilta sondaj sou Satisfaksyon manm yo

Ajans la ranmase enfòmasyon nan tout Plan yo sou diferan mezi pèfòmans konsènan kalite swen Plan yo bay. Mezi yo pèmèt piblik la konprann ak ki efikasite Plan yo reponn ak bezwen manm yo. Pou wè bilten nòt yo pou Plan an, tanpri ale sou **<https://quality.healthfinder.fl.gov/Facility-Provider/Medicaid-ReportCard?&type=-13>**. Ou gendwa chwazi pou ou wè enfòmasyon dapre chak Plan oswa tout Plan yo an menm tan.

Elder Housing Unit

Elder Housing Unit bay lidè kominotè yo ak granmoun aje yo enfòmasyon ak asistans teknik konsènan lojman abòdab ak chwa pou yo rezidans asiste yo. Depatman Zafè Granmoun Aje Florida a jere yon sit entènèt pou jwenn enfòmasyon sou etablisman rezidans asiste yo, kay swen familyal pou granmoun, sant gadri pou granmoun ak etablisman swen enfimye yo sou **<https://elderaffairs.org/programs-and-services/housing-resources-and-assistance/>** ansanm ak lyen nan lòt resous anplis nan nivo Federal ak Eta.

Enfòmasyon sou MediKids

Pou enfòmasyon sou kouvèti asirans MediKids, tanpri ale sou: http://ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/program_policy/FLKidCare/MediKids.shtml.

Sant Resous pou Vyeyès ak Andikap

Ou ka jwenn enfòmasyon ak asistans anplis tou sou avantaj Eta ak federal yo, pwogram ak sèvis lokal yo, sèvis jiridik ak pou prevansyon krim, planifikasyon revni oswa posiblite pou edikasyon si ou kontakte Sant Resous pou Vyeyès ak Andikap.

Pwogram Endepandan Soutyen pou Konsomatè

Depatman Zafè Granmoun Aje Florida a ofri tou yon Pwogram Sipò Endepandan pou Konsomatè (Independent Consumer Support Program, ICSP). ICSP travay avèk Pwogram Ombudsman Swen sou Peryòd ki Long Eta a, ADRC ak Ajans lan pou asire manm LTC yo gen anpil fason pou yo jwenn enfòmasyon ak èd lè sa nesèsè. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele Liy Èd pou Granmoun Aje yo nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337) oswa ale sou <https://elderaffairs.org/statewide-medicaid-managed-care-long-term-care-program/>.

Patenarya UnitedHealthcare avèk GEDWorks

UnitedHealthcare Community Plan of Florida ap ofri kounye a pou manm kalifye nou yo posiblite pou pran GED w gras ak yon patenarya avèk GEDWorks gratis pou ou. Materyèl etid ak tèks ki disponib nan lang anglè ak panyòl. Voye yon imèl bay flged@uhc.com pou plis enfòmasyon.

Pwograme kous medikal ki pa ijans avèk aplikasyon MTM Link lan

Aplikasyon MMM Link lan ba w fleksibilite pou w planifye yon kous medikal ki pa ijans nenpòt lè e nenpòt kote ou vle, dirèkteman apati yon telefòn entelijan oswa yon tablèt.

Ou ka jwenn aplikasyon MTM Link lan sou Google Play® oswa sou aplikasyon Apple Store®.

Aplikasyon MTM Link lan senplifye eksperyans rezèvasyon kous la, li ede pwograme plizyè fiti kous, epi pèmèt chanjman oswa anilasyon kous.

Avèk aplikasyon an, ou ka rezève yon kous estanda oswa ak ranbousman milyaj, soumèt yon reklamasyon pou ranbousman milyaj, oswa anile yon kous.

Seksyon 22: Fòmilè yo

Testaman Byolojik

Yon Testaman Byolojik gendwa, sou fòm ki annapre la a, men li pa oblije:

Deklarasyon ki fèt nan jou ki _____ nan mwa _____, (ane), mwen, _____, fè konnen, ak tout volonte mwen san fòse, dezi mwen pou m pa pwolonje lanmò mwen yon fason atifisyèl nan sikonstans yo ki endike anba a, epi ak dokiman sa a, mwen deklare, si nenpòt lè mwen enkapab, epi

_____ (inisyal) mwen gen yon maladi nan estad tèminal.

Oswa ____ (inisyal) mwen gen yon maladi nan estad tèminal.

Oswa ____ (inisyal) mwen nan yon eta vejetatif pèsistan.

epi si doktè ki responsab swen m lan oswa doktè k ap trete m lan ak yon lòt doktè konsiltan te detèmine pa gen okenn pwobabilite medikal rezonab pou mwen refè sot nan yon eta konsa, mwen òdone pou yo sispann oswa retire pwosedi pou pwolonje lavi lè aplikasyon pwosedi sa yo ta sèlman sèvi pou pwolonje pwosesis lanmò a yon fason atifisyèl, epi pou yo pèmèt mwen mouri natirèlman avèk sèlman medikaman yo bay oswa reyalizasyon nenpòt pwosedi yo konsidere ki nesèsè pou ban m swen ki konfòtab oswa pou soulaje doulè m.

Se entansyon m pou fanmi mwen ak doktè mwen respekte deklarasyon sa a kòm ekspresyon final dwa legal mwen gen pou refize tretman medikal oswa chirijikal epi aksepte konsekans refi sa a.

Sizoka yo te detèmine mwen pa kapab bay konsantman reflechi aklè konsènan sispannyon, retrè, oswa pousuit pwosedi pou pwolonje lavi, mwen vle deziyen kòm ranplasan m pou reyalize dispozisyon ki nan deklarasyon sa a:

Non: _____

Adrès: _____

Vil, Eta: _____

Kòd Postal: _____ Telefòn: _____

Fòmilè Reprezantan Otorize

Health and Home Connection itilize fòmilè sa a pou jwenn pèmasyon ou pou diskite oswa bay enfòmasyon sou sante pèsònèl ou bay yon moun ki se Reprezantan Otorize ou. Otorizasyon ou sou fòmilè sa a kite nou itilize enfòmasyon ou sèlman pou rezon sa a.

Seksyon A: Enfòmasyon sou Manm ki Enskri a

Lè mwen siyen fòmilè sa a anba a, mwen konprann epi mwen aksepte Health and Home Connection gendwa kominike enfòmasyon medikal pèsònèl mwen bay Reprezantan Otorize(yo) mwen nonmen nan Seksyon B ki anba a.

Non Manm lan: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo idantifikasyon moun ki enskri a: _____

Tanpri note sa: Otorizasyon sa a pa pèmèt "Reprezantan Otorize" ou pran okenn desizyon sou tretman ou oswa desizyon sou swen dirèk ou. Si ou bezwen yo ede ou ak desizyon sou swen sante w ak tretman ou, w ap bezwen plis dokimantasyon legal. Si ou gen kesyon, kontakte avoka ou.

Seksyon B: Itilizasyon ak/oswa divilgasyon otorize, itilizasyon oswa divilgasyon ki prevwa

Mwen konprann ou kapab bay enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen bay moun ki enplike dirèkteman nan swen mwen. Epitou, mwen konprann politik jeneral Health and Home Connection se pa kominike bay lòt pati enfòmasyon medikal pèsònèl mwen, san otorizasyon alekri mwen sòf si lalwa otorize oswa egzije sa. Pou rezon sa a, mwen otorize (pèmèt) Health and Home Connection diskite ak pataje enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen ak moun non li (yo) anba a. Mwen konprann rezon an se pou ede mwen resevwa avantaj plan sante mwen oswa pou peman pou avantaj plan sante mwen. Mwen konprann gen sèten moun ki oblije pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen. Sa yo se pwofesyonèl swen sante ak lòt moun ki oblije fè sa sou lwa federal oswa lòt lwa eta ki apwopriye. Si Reprezantan Otorize mwen an pa yon pwofesyonèl swen sante oswa yon lòt moun ki oblije pwoteje enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen, Reprezantan Otorize mwen gendwa diskite oswa pataje li san pèmasyon mwen. Mwen konprann epi mwen dakò mwen bay otorizasyon sa ak pwòp volonte mwen.

Seksyon 22: Fòmilè yo

Reprezantan Otorize #1:

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

Kisa moun nan ye pou ou: _____

Reprezantan Otorize #2:

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

Kisa moun nan ye pou ou: _____

Fòmilè Reprezantan Otorize:

Mwen konprann mwen gen dwa pou limite enfòmasyon ou kominike selon otorizasyon sa a. Pa egzanp, mwen kapab pa kite Reprezantan Otorize mwen an konnen enfòmasyon sou youn oswa plis pwofesyonèl swen sante an patikilye oswa kondisyon oswa maladi anpatikilye. Si mwen vle limite enfòmasyon ou bay Reprezantan Otorize mwen an, fòk mwen ekri yo anba a. Mwen konprann depi mwen kite seksyon sa a vid, sa vle di mwen bay pèmasyon pou pataje tout enfòmasyon medikal pèsònèl mwen ak Reprezantan Otorize mwen.

Limit sou divilgasyon:

Seksyon C: Ekspirasyon ak revokasyon

Mwen konprann mwen gen dwa koupe otorizasyon sa a nenpòt lè. Mwen konprann si mwen pa vle moun non li (yo) nan seksyon B a Repezantan Otorize mwen ankò, fòk mwen anile otorizasyon sa a. Mwen konprann fòk mwen ekri avètisman desizyon konsèn ansante mwen sa a nan enfòmasyon pou kontakte plan sante a anba a. Mwen konprann si ou te deja pataje nenpòt enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen avan ou te resevwa demann ekri pou koupe otorizasyon sa a, avètisman mwen an p ap ka anile okenn aksyon ou te deja poze.

Seksyon D: Siyati/Otorizasyon

Mwen te li ak reflechi sou sa ki nan Fòm Repezantan Otorize sa a. Otorizasyon sa a dekri kòrèkteman demann mwen te fè nan United Healthcare Services, Inc. Mwen konprann, lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen bay otorizasyon mwen pou plan sante a itilize ak/oswa kominike enfòmasyon medikal pèsònèl mwen ba moun (yo) ki nonmen nan Seksyon B an.

Siyati: _____ Dat: _____

Temwen: _____ Dat: _____

(Yon siyati temwen nesèsè sèlman si ou dwe siyen avèk yon “X” akòz limit fizik, analfabetis, oswa lòt rezon.)

Tanpri voye tounen fòmilè otorizasyon ki siyen an bay:

**UnitedHealthcare Health and Home Connection
7901 SW 6th Street, Suite 400
Plantation, FL 33324**

Yo kite paj sa a vid toutespre.

Avi sou non-diskriminasyon

Konpayi nou yo respekte lwa sou dwa sivil ki aplikab yo, epi yo pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, andikap oswa sèks (sa gen ladan l gwosès, oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl). Nou pa mete moun apa ni nou pa trete yo yon jan ki defavorab akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Nou bay èd ak sèvis gratis pou ede w kominike avèk nou. Ou ka mande entèprèt ak/oswa kominikasyon nan lòt lang oswa lòt fòm tankou gwo lèt. Nou bay modifikasyon rezonab tou pou moun ki gen andikap.

Si ou bezwen sèvis sa yo, rele nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, apati 8è a.m. jiska 7è p.m., Lendi jiska Vandredi.

Si w kwè nou pa t rive bay sèvis sa yo oswa nou te fè diskriminasyon yon lòt jan sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka voye yon plent bay Kowòdonatè Dwa Sivil la:

Civil Rights Coordinator
UnitedHealthcare Civil Rights Grievance
P.O. Box 30608
Salt Lake City, UT 84130
UHC_Civil_Rights@uhc.com

Optum Civil Rights Coordinator
1 Optum Circle
Eden Prairie, MN 55344
Optum_Civil_Rights@Optum.com

Si ou bezwen èd pou depoze yon plent, rele nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, apati 8è a.m. jiska 7è p.m., Lendi jiska Vandredi.

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivil yo tou bò kote Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini yo, Biwo pou Dwa Sivil yo:

Sou entènèt: **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**

Telefòn: **1-800-368-1019, 800-537-7697** (TDD)

Pa lapòs: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

Fòmilè plent yo disponib sou: **<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>**.

Avi sa a disponib sou: **<https://www.uhc.com/nondiscrimination-med>**
<https://www.optum.com/en/language-assistance-nondiscrimination.html>

CSFL25MD0269635_000

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 121
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Avi sou disponiblite sèvis asistans lengwistik ak lòt fòm

ATTENTION: Free language assistance services and free communications in other formats, such as large print, are available to you. Call the toll-free number on your member identification card. Call member services at 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m.–7 p.m., Monday–Friday.

ATENSYON: Kung nagsasalita ka ng **Tagalog, (Tagalog)**, may makukuha kang mga serbisyong libreng tulong sa wika at mga libreng komunikasyon sa mga ibang anyo, tulad ng malaking print. Tawagan ang mga serbisyo sa miyembro sa 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m. – 7 p.m., Lunes – Biyernes.

ATENCIÓN: Si habla **español (Spanish)**, tiene acceso a servicios gratuitos de asistencia lingüística y a materiales gratuitos en otros formatos, como letra grande. Llame a Servicios para Miembros al 1-888-716-8787, TTY 711, de lunes a viernes, de 8 a.m. a 7 p.m.

ВНИМАНИЕ: Если Вы говорите по-**русски, (Russian)**, Вы можете бесплатно воспользоваться помощью переводчика и информационными материалами в альтернативных форматах, например, крупным шрифтом. Звоните в отдел обслуживания участников по телефону 1-888-716-8787, TTY 711, с 8 а.м. до 7 р.м., с понедельника по пятницу.

ATANSYON: Si ou pale **Kreyòl Ayisyen, (Haitian Creole)**, gen sèvis asistans lengwistik gratis ak kominikasyon gratis ki nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, ki disponib pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan 1-888-716-8787, TTY 711, 8 a.m.– 7 p.m., Lendi jiska Vandredi.

تنبيه: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، الترجمة (**Arabic**) للغة، فتوجد هناك خدمات مساعدة لغوية مجاناً ورسائل مجانية بتنسيقات أخرى، مثل الطباعة بحروف كبيرة. ما عليك سوى الاتصال بقسم خدمات الأعضاء على الرقم 1-888-716-8787، أو عبر الهاتف النصي 711، من الساعة 8 صباحاً إلى الساعة 7 مساءً، من يوم الإثنين إلى الجمعة.

CHÚ Ý: Nếu quý vị nói tiếng **Việt, (Vietnamese)**, quý vị sẽ nhận được các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí và nhận các tài liệu truyền thông miễn phí ở các định dạng khác như chữ in lớn. Gọi cho bộ phận dịch vụ hội viên theo số 1-888-716-8787, TTY 711, từ 8 giờ sáng đến 7 giờ tối, Thứ Hai đến Thứ Sáu.

ATTENZIONE: se parla **italiano, (Italian)**, sono disponibili servizi gratuiti di assistenza linguistica e comunicazioni gratuite in altri formati, come la stampa a caratteri grandi. Chiama il servizio soci al numero 1-888-716-8787, TTY 711, dalle 8.00 alle 19.00, dal lunedì al venerdì.

122 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711,** oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711.**

ATENÇÃO: se você fala **português do Brasil, (Brazilian Portuguese)**, serviços gratuitos de assistência linguística e comunicações gratuitas em outros formatos, como letras grandes, estão disponíveis para você. Ligue para o serviço do associado no número 1-888-716-8787, TTY 711, das 8 a.m. às 7 p.m., de segunda à sexta-feira.

HINWEIS: Wenn Sie **Deutsch** sprechen, (**German**) stehen Ihnen kostenlose Sprachdienste und kostenlose Mitteilungen in anderen Formaten, beispielsweise in Großdruck, zur Verfügung. Rufen Sie den Mitglieder-Service an, unter 1-888-716-8787, TTY 711, verfügbar von Montag bis Freitag zwischen 8:00 Uhr und 19:00 Uhr.

注意：如果您說中文，(**Chinese**)，您可獲得免費語言協助服務和其他格式（例如大字版）的免費通訊。請致電 1-888-716-8787 與會員服務部聯絡，聽障專線 (TTY) 711，服務時間週一至週五上午 8 時至晚上 7 時。

참고: 귀하가 **한국어 (Korean)**을 구사하시는 경우, 무료 언어 지원 서비스와 다른 형식의 무료 커뮤니케이션(예, 큰 활자체로 된 정보)을 이용하실 수 있습니다. 가입자 서비스부 (1-888-716-8787, TTY 711, 월요일 - 금요일, 오전 8 시 - 오후 7 시 사이)에 전화하십시오.

ATTENTION : Si vous parlez **français (French)**, des services d'assistance linguistique gratuits et des communications gratuites dans d'autres formats, tels que du texte en gros caractères, sont à votre disposition. Veuillez appeler le département des services aux membres au 1-888-716-8787, TTY 711, de 8 h à 19 h, du lundi au vendredi.

UWAGA: Jeśli mówi Pan/Pani w języku **polskim, (Polish)**, dostępne są bezpłatne usługi pomocy językowej i komunikacji w innych formatach, np. duży druk. Prosimy zadzwonić do działu obsługi klienta pod numer 1-888-716-8787, TTY 711, w godzinach od 8:00 do 19:00, od poniedziałku do piątku.

ધ્યાન આપો: જો તમે **ગુજરાતી, (Gujarati)** બોલતા હો, તો મફત ભાષા સહાય સેવાઓ અને મોટા પ્રિન્ટ જેવા અન્ય ફોર્મેટમાં મફત સંદેશાવ્યવહાર તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. સોમવાર-શુક્રવાર, સવારે 8 થી સાંજે 7 વાગ્યા સુધી, 1-888-716-8787, TTY 711 પર સભ્ય સેવાઓનો સંપર્ક કરો.

โปรดทราบ: หากคุณพูดภาษาไทย (**Thai**) คุณมีสิทธิได้รับบริการช่วยเหลือด้านภาษาโดยไม่มีค่าใช้จ่ายรวมถึงการสื่อสารในรูปแบบอื่น เช่น ตัวพิมพ์ขนาดใหญ่ โดยไม่มีค่าใช้จ่ายเช่นกัน โทรติดต่อบริการสมาชิกได้ที่ 1-888-716-8787 และ TTY 711 ตั้งแต่เวลา 8.00 น.-19.00 น. วันจันทร์-วันศุกร์

Avi sou non-diskriminasyon

Konpayi nou yo respekte lwa sou dwa sivil ki aplikab yo, epi yo pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, andikap oswa sèks (sa gen ladan l gwosès, oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl). Nou pa mete moun apa ni nou pa trete yo yon jan ki defavorab akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Nou bay èd ak sèvis gratis pou ede w kominike avèk nou. Ou ka mande entèprèt ak/oswa kominikasyon nan lòt lang oswa lòt fòm tankou gwo lèt. Nou bay modifikasyon rezonab tou pou moun ki gen andikap.

Si ou bezwen sèvis sa yo, rele nan **1-800-791-9233**, TTY **711**, apati 8è a.m. jiska 8è p.m., Lendi jiska Vandredi.

Si w kwè nou pa t rive bay sèvis sa yo oswa nou te fè diskriminasyon yon lòt jan sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka voye yon plent bay Kowòdonatè Dwa Sivil la:

Civil Rights Coordinator
UnitedHealthcare Civil Rights Grievance
P.O. Box 30608
Salt Lake City, UT 84130
UHC_Civil_Rights@uhc.com

Optum Civil Rights Coordinator
1 Optum Circle
Eden Prairie, MN 55344
Optum_Civil_Rights@Optum.com

Si ou bezwen èd pou depoze yon plent, rele nan **1-800-791-9233**, TTY **711**, apati 8è a.m. jiska 8è p.m., Lendi jiska Vandredi.

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivil yo tou bò kote Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini yo, Biwo pou Dwa Sivil yo:

Sou entènèt: **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**

Telefòn: **1-800-368-1019, 800-537-7697** (TDD)

Pa lapòs: U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

Fòmilè plent yo disponib sou: **<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>**.

Avi sa a disponib sou: **<https://www.uhc.com/nondiscrimination-med>**
<https://www.optum.com/en/language-assistance-nondiscrimination.html>

CSFL25MD0360142_000

124 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Avi sou disponiblite sèvis asistans lengwistik ak lòt fòm

ATTENTION: Free language assistance services and free communications in other formats, such as large print, are available to you. Call the toll-free number on your member identification card. Call member services at 1-800-791-9233, TTY 711, 8 a.m.–8 p.m., Monday–Friday.

ATENSYON: Kung nagsasalita ka ng **Tagalog, (Tagalog)**, may makukuha kang mga serbisyong libreng tulong sa wika at mga libreng komunikasyon sa mga ibang anyo, tulad ng malaking print. Tawagan ang mga serbisyo sa miyembro sa 1-800-791-9233, TTY 711, 8 a.m. – 8 p.m., Lunes – Biyernes.

ATENCIÓN: Si habla **español (Spanish)**, tiene acceso a servicios gratuitos de asistencia lingüística y a materiales gratuitos en otros formatos, como letra grande. Llame a Servicios para Miembros al 1-800-791-9233, TTY 711, de lunes a viernes, de 8 a.m. a 8 p.m.

ВНИМАНИЕ: Если Вы говорите по-**русски, (Russian)**, Вы можете бесплатно воспользоваться помощью переводчика и информационными материалами в альтернативных форматах, например, крупным шрифтом. Звоните в отдел обслуживания участников по телефону 1-800-791-9233, TTY 711, с 8 а.м. до 8 р.м., с понедельника по пятницу.

ATANSYON: Si ou pale **Kreyòl Ayisyen, (Haitian Creole)**, gen sèvis asistans lengwistik gratis ak kominikasyon gratis ki nan lòt fòm, tankou gwo karaktè, ki disponib pou ou. Rele Sèvis Manm yo nan 1-800-791-9233, TTY 711, 8 a.m.– 8 p.m., Lendi jiska Vandredi.

تنبيه: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، الترجمة (**Arabic**) للغة، فتوجد هناك خدمات مساعدة لغوية مجاناً ورسائل مجانية بتنسيقات أخرى، مثل الطباعة بحروف كبيرة. ما عليك سوى الاتصال بقسم خدمات الأعضاء على الرقم 1-800-791-9233، أو عبر الهاتف النصي 711، من الساعة 8 صباحاً إلى الساعة 8 مساءً، من يوم الإثنين إلى الجمعة.

CHÚ Ý: Nếu quý vị nói tiếng **Việt, (Vietnamese)**, quý vị sẽ nhận được các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí và nhận các tài liệu truyền thông miễn phí ở các định dạng khác như chữ in lớn. Gọi cho bộ phận dịch vụ hội viên theo số 1-800-791-9233, TTY 711, từ 8 giờ sáng đến 8 giờ tối, Thứ Hai đến Thứ Sáu.

ATTENZIONE: se parla **italiano, (Italian)**, sono disponibili servizi gratuiti di assistenza linguistica e comunicazioni gratuite in altri formati, come la stampa a caratteri grandi. Chiama il servizio soci al numero 1-800-791-9233, TTY 711, dalle 8.00 alle 20.00, dal lunedì al venerdì.

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711,** 125
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711.**

ATENÇÃO: se você fala **português do Brasil, (Brazilian Portuguese)**, serviços gratuitos de assistência linguística e comunicações gratuitas em outros formatos, como letras grandes, estão disponíveis para você. Ligue para o serviço do associado no número 1-800-791-9233, TTY 711, das 8 a.m. às 8 p.m., de segunda à sexta-feira.

HINWEIS: Wenn Sie **Deutsch** sprechen, (**German**) stehen Ihnen kostenlose Sprachdienste und kostenlose Mitteilungen in anderen Formaten, beispielsweise in Großdruck, zur Verfügung. Rufen Sie den Mitglieder-Service an, unter 1-800-791-9233, TTY 711, verfügbar von Montag bis Freitag zwischen 8:00 Uhr und 20:00 Uhr.

注意：如果您說中文，(**Chinese**)，您可獲得免費語言協助服務和其他格式（例如大字版）的免費通訊。請致電 1-800-791-9233 與會員服務部聯絡，聽障專線 (TTY) 711，服務時間週一至週五上午 8 時至晚上 8 時。

참고: 귀하가 **한국어 (Korean)**을 구사하시는 경우, 무료 언어 지원 서비스와 다른 형식의 무료 커뮤니케이션(예, 큰 활자체로 된 정보)을 이용하실 수 있습니다. 가입자 서비스부 (1-800-791-9233, TTY 711, 월요일 - 금요일, 오전 8 시 - 오후 8 시 사이)에 전화하십시오.

ATTENTION : Si vous parlez **français (French)**, des services d'assistance linguistique gratuits et des communications gratuites dans d'autres formats, tels que du texte en gros caractères, sont à votre disposition. Veuillez appeler le département des services aux membres au 1-800-791-9233, TTY 711, de 8 h à 19 h, du lundi au vendredi.

UWAGA: Jeśli mówi Pan/Pani w języku **polskim, (Polish)**, dostępne są bezpłatne usługi pomocy językowej i komunikacji w innych formatach, np. duży druk. Prosimy zadzwonić do działu obsługi klienta pod numer 1-800-791-9233, TTY 711, w godzinach od 8:00 do 20:00, od poniedziałku do piątku.

ધ્યાન આપો: જો તમે **ગુજરાતી, (Gujarati)** બોલતા હો, તો મફત ભાષા સહાય સેવાઓ અને મોટા પ્રિન્ટ જેવા અન્ય ફોર્મેટમાં મફત સંદેશાવ્યવહાર તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. સોમવાર-શુક્રવાર, સવારે 8 થી સાંજે 8 વાગ્યા સુધી, 1-800-791-9233, TTY 711 પર સભ્ય સેવાઓનો સંપર્ક કરો.

โปรดทราบ: หากคุณพูดภาษาไทย (**Thai**) คุณมีสิทธิได้รับบริการช่วยเหลือด้านภาษาโดยไม่มีค่าใช้จ่ายรวมถึงการสื่อสารในรูปแบบอื่น เช่น ตัวพิมพ์ขนาดใหญ่ โดยไม่มีค่าใช้จ่ายเช่นกัน โทรติดต่อบริการสมาชิกได้ที่ 1-800-791-9233 และ TTY 711 ตั้งแต่เวลา 8.00 น.-20.00 น. วันจันทร์-วันศุกร์

126 **Ou gen kesyon?** Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787, TTY 711,** oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233, TTY 711.**



Nou la a pou ou

Sonje, nou toujou pare pou reponn nenpòt kesyon ou gendwa genyen. Annik rele:

Sèvis Manm MMA nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, oswa
Sèvis Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**

Epitou ou ka ale sou sit entènèt nou an sou **myuhc.com/CommunityPlan**.

UnitedHealthcare Community Plan
7901 SW 6th Street, Suite 400
Plantation, FL 33324

**United
Healthcare®**
Community Plan

Ou gen kesyon? Rele Sèvis pou Manm MMA yo nan **1-888-716-8787**, TTY **711**, 127
oswa Sèvis pou Manm LTC yo nan **1-800-791-9233**, TTY **711**.

Yo kite paj sa a vid toutespre.

Yo kite paj sa a vid toutespre.

Yo kite paj sa a vid toutespre.

Yo kite paj sa a vid toutespre.

